Хуитыныгъэхэмрэ Iэмалхэмрэ щызэхуэдэм деж

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Москва щекIуэкIащ тхылъ фестиваль

4-нэ нап.

Албанием зыхуагъэхьэзыр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№70 (24.976) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 11, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ЯгъэткIиинущ кIэлъыплъыныгъэр

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий дыгъуасэ Пятигорск къалэм щригъэкIуэкIащ КИФЩI-м хабзэр къызэпауду мылъку щызэIэпызыххэм япэщIэтынымкIэ щIыналъэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым и зэIущIэ.

ОКРУГЫМ хыхьэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм ящIыгъуу, зэIущIэм видеозэпыщIэныгъэ IэмалкIэ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ я IэнатIэхэм апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр къыщымыгъэхъуным икIи мылъкум пыщIауэ ялэжь хьэгъэщагъэхэр къызэпыудыным.

Чайкэ Юрий къыхигъэщащ псэупIэм епха Iуэхутхьэбзэхэр тэмэму зэрызэфIэгъэкIыпхъэр, абыхэм пэкIуэ пщIэр экономикэм и щытыкIэм тещIыхьауэ зэрыщытыпхъэр, а лэжьыгъэхэр зэкIэлъызыгъакIуэ, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэзыгъэпэщ къулыкъухэм я IуэхущIафэхэри зэIухауэ щытын зэрыхуейр.

Полномочнэ лIыкIуэм зэIущIэм хэтхэр къыхуриджащ коммунальнэ, энергетикэ компаниехэм я лэжьыгъэм зэрыкIэлъыплъыр щIагъэткIиену, хабзэм ебакъуэхэр жэуапым зэрырашэлIэнур дэтхэнэми гурагъэIуэну.

ЗэIущIэм зыщытепсэлъыхьахэм ехьэлIа пщэрылъ пыухыкIахэри ищIащ Чайкэ Юрий.

Iэмал псори къагъэсэбэп

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык къалэ дэт курыт школхэм я унафэщIхэм яхуэзащ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм зегъэужьыным теухуа Iуэхухэм.

МЫ зэманым егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми я зэфIэкIыр наIуэ къэзыщI экзаменхэр йокIуэкI, ахэр зэфIэкIмэ, ныбжьыщIэхэр IэщIагъэ щызрагъэгъуэтыну гъуэгум техьэнущ. Абы къыдэкIуэуи школхэм гъэ еджэгъуэщIэм зыхуагъэхьэзыр - абыхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI, къегъэщIылIа щIыпIэхэр зэIузэпэщ ящI. Къапщтэмэ, лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ иужьрей илъэсхэм къалэм курыт еджапIэу 5 щаухуащ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэжащ школи 7. Мы зэманым республикэм и школ 43-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкI.

Налшык къалэ курыт еджапIэу 34-рэ, прогимназиеу 10, сабий саду 47-рэ дэтщ. Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэм сабий мин 15 щыIэщ, курыт еджапIэхэм мин 38-м щIигъу щоджэ. ЩIэныгъэ гуэдзэн щрат IуэхущIапIэхэм сабий мин 32-рэ йокIуалIэ, ар илъэси 5 ныбжьым къыщыщIэдзауэ къалэм дэс сабийхэм я процент 73-рэ мэхъу.

«Точка роста» центру 35-рэ еджапIэхэм къыщызэIуахащ, спортклубхэр, школ театрхэр, музейхэр щолажьэ. Школ псоми «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и къудамэхэр щыIэщ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм я мылькутехникэ лъабжьэр гъэбыдэным, зэрырагъаджэ тхылъхэмкIэ къызэгъэпэщыным, егъэджакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным, тхылъымпIэ лэжьыгъэр нэхъ мащIэ щIыным теухуа Iуэхухэм.

Гулъытэ нэхъыбэ хуащIу къытеувыIащ сабийхэр Iуэху мыщхьэпэхэм щыхъумэным. Абы и лъэныкъуэкIэ еджапIэмрэ адэ-анэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхагъэщащ.

«Гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и фIагъым хэгъэхъуэнымкIэ, хабзэр къызэпызыуд Iуэхухэм ныбжьыщIэхэр пэIэщIэ щIынымкIэ, абы и лъэныкъуэкIэ сабийхэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэхэр къахуэгъуэтынымкIэ Iэмал псори къегъэсэбэпыпхъэщ. ШколакIуэхэмрэ студентхэмрэ экстремист идеологием, неонацист еплъыкIэхэм узыхуашэнкIэ хъунур тклийуэ къагурыгъэIуэн хуейщ. Шэч къытесхьэркъым: еджэныгъэм, жылагъуэ щIалэгъуалэ лэжьыгъэм кууу хэтшэмэ, гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм, спорт секцэхэм дедгъэхьэхмэ, къэралыр фIыуэ ялъагъуу дгъасэмэ, ахэр мыхъумыщIагъэ псоми щытхъумэфынущ», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Сэгъуэр и кIэм ноблагъэ

Республикэм и мэкъумэш IэнатIэр къыпэщыт зи чэзу къалэнхэм зэрехъулIэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ министр Сыжажэ Хьэсэнрэ - гъавэгъэкIхэмрэ Iэщ гъэхъуным пэрытхэмрэ я лэжьыгъэм мы зэманым и гуащIэгъуэщ.

МИНИСТРЫМ зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым сэгъуэр и кIэм щыноблагъэ. ЩIыналъэхэм къата бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, гъатхасэр яубзыхуам и процент 96-м щызэфIагъэкIащ - псори зэхэту гектар мин 214,5-рэ мы гъэм хухахауэ аращи, гектар мин 205-м жылэхэр халъхьащ. Къахуэна гектар мащIэм гъавапхъэ нартыху, сэхуран, сое, Iусыпхъэ къэкIыгъэхэр трасэжынущ. УэфIу екIуэкIмэ, махуэ зыбжанэм къриубыдэу ахэри щIым хагъэзэгъэнущ. Сэгъуэм къыдэкIуэу, къэкIыгъэхэм йолэжь ахэр ежьужьхэм, узхэм, хьэпIацIэхэм езымыгъэубыд щхъухьхэмкIэ.

КъимыдэкIэ, республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэ псоми жыджэру зыхуагъэхьэзыр гъавэщIэр Iухыжынми. Хабзэ зэрыхъуам тету, республикэм и гъавэгъэкIхэм бжьыхьэсэхьэмрэ джэш щхъуантIэмрэ Iухыжын щIадзэ мэкъуауэгъуэм икухэм. А лэжьыгъэм къыпыувэу консерв заводхэм ирашэлIэнущ мэкъумэшхэкIхэр икIи абыхэм елэжьын щIадзэнущ.

Iэщыхъуэхэм мы зэманым зыхуагъэхьэзыр хъупIэхэм зэрыкIуэнум. Республикэм и хъупIэхэм щаIыгъщ Iэщышхуэу мин 30,2-м щIигъу, мэлрэ бжэну мин 62-рэ хуэдиз, шыуэ мини 4,6-м щIигъу.

Псы Iуфэхэр ягъэбыдэ



КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильяс.

АХЭР зытепсэлъыхьа Iуэхухэм я нэхъыщхьэт гъэмахуэ псы къиугъуэм пыщIа къалэнхэр. А лэжьыгъэм епха IуэхущIапIэхэр жэщмахуэ ямыIэу кIэлъоплъ республикэм и псыежэххэм, гуэлхэм щыщыIэ щытыкIэм. Министрым зэрыжиIамкIэ, щIыналъэхэр псыдзэхэм щыхъума хъун папщIэ, ахэр нэхъ зыхуэлъэ щIыпIэхэм деж псыежэххэм я нэпкъхэр щагъэбыдэ - Налшык, Тырныауз къалэхэм, Аушыджэр, Къулъкъужын, Псынабэ жылэхэм, Котляревскэ станицэм деж хуэзэ гъунапкъэхэм.

Республикэм и Iэтащхьэм пщэрылъ зэращищIам тету, ягъэкъэбзащ Тырныауз къалэм ятIэпсыр къызэрехыу иIэ жапIэмрэ Герхожан-Суу псым нэгъабэ кърихьэха ятIэхэмрэ. Апхуэдэуи и кIэм нэблэгъащ Бахъсэн псым и сэмэгурабгъу Iуфэм, Бахъсэн къалэм деж хуэзэ и Iыхьэм, и нэпкъхэр гъэбыдэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр

ФеужьэрэкI, иужь махуэм нэвмыгъэс

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2026 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр йокIуэкI.

Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэщ:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым поштым къыщеIыфхыжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми. Ди газетым Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

● Урысейм и махуэм

Зэгъусэу догъэлъапIэ

Мэкъуэуэгъуэм и 8-м щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI Урысейм и махуэм епха щэнхабзэ-узэщIыныгъэ Iуэхугъуэхэр.

МАХУЭ лъапIэм и дауэдапщэ нэхъыщхьэр Правительствэм и унэм *мэкъуауэгъуэм и 12-м* щызэхэтынущ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек сыхьэт 12-м деж яIущIэнущ къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм. А махуэ дыдэм Правительствэм и унэм ныбжьыщIэхэм я паспортхэр щратыжынущ.

Махуэшхуэм напэкIуэцI щхьэхуэхэр щыхухахынущ республикэм къыщыдэкI СМИ-хэм. СурэтыщI гъуазджэмкIэ музей, Ткаченкэ А. Л. и цIэр зезыхьэм, «Дунейр сабийхэм я нэкIэ» гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахынущ.

«Урысейм и махуэ» пшыхь лъапIэр Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм мэкъуауэгъуэм и 12-м щекIуэкIынущ. Налшык къалэ къыщызэIуахыну гъэлъэгъуэныгъэхэм щэнхабзэри, тхыдэри, нобэрей махуэри къызэщIаубыдэ, дэтхэнэ зыми махуэшхуэм и тхыдэр ягу къыщагъэкIыжу.

Гулъытэ хэха мы махуэм щыхуащIынущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэми. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щекIуэкIыну «Урысейм срогушхуэ» акцэм щагъэлъэпIэнущ Хэку зауэшхуэм и зэманым тылым щылэжьахэр, дэтхэнэ зыми фэеплъ саугъэт иратынущ. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм папщIэ, псапащIэ концерт Налшык щитынущ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ДыщэкI Артур.

Нартан дэт школ-интернат №5-м и еджакIуэхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я сабийхэмрэ папщIэ ягъэхьэзыра концертыр ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм щекIуэкIынущ. «Дэ псори дызыунагъуэщ, дызыкъэралщ» хэкупсэ акцэхэр Налшык дэт библиотекэхэм щрагъэкIуэкIынущ. «Урысейр цIэуэ щыIэм я нэхъ лъэщщ» флеш-мобыр щIыналъэ псоми интернетым щызэIэпахынущ.

Махуэшхуэм егъэщIылIа дауэдапщэхэр щызэхэтынущ республикэм и щIыналъэхэми къалащхьэхэми. Бахъсэн къалэм щызэхэтынущ «Урысейм срогушхуэ» концертыр. Кыщпэк дэт къуажэ библиотекэм «Урысей, сэ фIыуэ узолъагъу!» усэ-литературэ композицэр щагъэхьэзыращ.

Пшыхьхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, щIэныгъэ зэпеуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIынущ Лэскэн, Прохладнэ, Май, Шэрэдж, Тэрч, Iуащхьэмахуэ, Аруан районхэм. «Урысейр ди зэхуэдэ унэщ» концерт программэхэр къыщызэIуахынущ Тэрч, Хьэмидей, Плановскэ къуажэхэм.

Республикэм зы къуажи зы къали къинэнукъым Урысейм и махуэр щамыгъэлъапIэу. Лъэпкъыбэу зэхэт ди къэралышхуэм ущыпсэуныр насыпу зэрыщытыр, абы и пщIэм зебгъэIэтыныр, абы укъыщхьэщыжыныр псоми зэрыдикъалэныр дигу къегъэкIыж къэралым игъэлъапIэ махуэшхуэм.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

ГуфIэгъуэм фрагъэблагъэ

Республикэм щыпсэухэу, и хьэщIэхэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Темыркъан Ю. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм гъуазджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, творческэ гупхэр зыхэтыну махуэшхуэ концерт мэкъуауэгъуэм и 12-м щекIуэкIынущ. «Урысейм и махуэщ!» зыфIаща а зэхыхьэр къызэрагъэпэщ Урысейм и махуэр гъэлъэпIэным теухуауэ.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 13-рщ.

ФыщIэупщIэ хъунущ 42-43-13 телефонымкIэ.

Урысей Федерацэм и цIыхуу ущытыныр пщIэшхуэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэмрэ къалэхэмрэ щыщу зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа еджакIуэ 26-м дыгъуасэ Урысей Федерацэм и цIыхум и паспортыр КъБР-м и Парламентым щратащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Текуев Амырбий**, КъБР-м и МВД-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI полицэм и полковник **Быгуэ Артур**.

НыбжьыщIэхэм щехъуэхъум, Егоровэ Татьянэ жиIащ сабийхэм я япэ дэфтэрыр къащыIэрыхьэ махуэр псоми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи узыгъэпIейтей Iуэхуу зэрыщытыр. «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ зыгъэлъапIэ къэралыр нобэ щыщIэдзауэ шэсыпIэ фхуохъу. Мы Iуэхур Урысейм и махуэшхуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым - Урысейм и махуэм - ирихьэлIэу зэрекIуэкIыр узыгъэгушхуэщ. Махуэшхуэм къегъэлъагъуэ Хэкум, абы и тхыдэм, и къэкIуэнум къыгуэхыпIэ имыIэу дэ дызэрыпыщIар. Хэкур лъагъуныгъэмрэ абы щыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэмрэ я фIыгъэкIэ сыт хуэдэ зэманми, сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэми ди цIыхубэр къыпхыкIащ, ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэригъэхьащ. Ар нобэрей щIалэгъуалэм фщIэну, зыхэфщIыкIыну дыфщогугъ. Урысейр ар фэрэ дэрэщ, нэхъыжьхэмрэ щIэблэмрэщ. Аращи, фи япэ итхэм я зэфIэкIым пыфщэну, хэкупсэ нэс фыхъуну дынывохъуэхъу. Паспортыр балигъ гъащIэм ухэзышэ дэфтэрщ. Ди гуапэщ ар егъэджэныгъэм, спортым, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэт ныбжьыщIэхэм зэрывэттыр. Нобэ къыфхэтщ дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди лIыхъужьхэм я бынхэри. Дэ абыхэм я лIыгъэм псори дрогушхуэ. Ауэ зыщывмыгъэгъупщэ, нобэрей фи ехъулIэныгъэр ар щIэдзапIэ къудейуэ зэрыарар, куэд къызэрыфпэщылъыр. Жэуаплыныгъэ фхэлъу фи хъуэпсапIэхэм фахуэкIуэну дыщогугъ. Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэри епхащ гукъэкIым, тегушхуэныгъэм. Мы махуэм щегъэжьауэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр фиIэнущи, фи зэфIэкIым зэрыхэвгъэхъуэным, фи щIэныгъэр къэвгъэсэбэпыным, нэхъыщхьэращи, Хэкум, фи лъахэм фазэрыхуэщхьэпэным иужь фит. Урысей Федерацэм и цIыхуу ущытыныр пщIэшхуэщ икIи жэуаплыныгъэ зыпылъщ. Сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, насыпыфIэ фыхъуну!»

Быгуэ Артур щIалэгъуалэм яжриIащ абыхэм я щIэныгъэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ елъытауэ зэрыщытынур Урысейм и къэкIуэнур. Ар абыхэм ехъуэхъуащ мурадышхуэхэм хуэкIуэну, я Хэкур, я цIэмрэ я пщIэмрэ сыт щыгъуи яхъумэну. «Лъэпкъ куэд щыпсэу ди къэрал лъэщыр фIыуэ флъагъу, фи лъахэм пщIэ хуэфщI, абы и хабзэхэр вгъэзащIэ», - жиIащ къэпсэлъам.

- Нобэрей махуэ дахэм дэфтэр нэхъыщхьэр къызэрыфIэрыхьэм, къызэрыхагъэщащи, мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ди къэкIуэнур зыхуэну щIэблэр фэращ. Фэращ абы и зыужьыныгъэм елэжьынур. А Iуэху мытыншыр къывэхъулIэн щхьэкIэ, фи блэкIар, ди адэжьхэм я лIыгъэ гъуэгуанэр фымыщIэу хъунукъым. Ар дызэрыпагэ ди тхыдэщ. Мы зэманым я гъащIэ емыблэжу ди Хэкур зыхъумэ щIалэхэми я лIыгъэм фрипагэу, дэтхэнэми ди къэралым и пащхьэ жэуаплыныгъэ зэрыщихьыр зыщывмыгъэгъупщэу фи гъуэгуанэм фытет. Нобэрей зэманыр зыхуэдэр флъагъуу, гъащIэм гъуэгуанэ дахэ фытехьэну сынывохъуэхъу, - жиIащ Текуев Амырбий.

Паспорт зрата Гугъуэт Каринэ (Дзэлыкъуэдэс къуажэм и курыт школым щоджэ) ящыщт зи адэр мы зэманым дзэ Iуэху хэхам лIыгъэ щызезыхьэхэм. Гугъуэт Беслъэн ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ, адэ-анэхэм фIыщIэ яхуищIащ щIэблэ губзыгъэ къызэрагъэхъум папщIэ. Дзэ Iуэху хэхар иухыу, лIыхъужьхэм узыншэу къагъэзэжыныр зэраплъапIэр абы дыщIигъуащ.

УнэтIыныгъэ куэду зэхэт республикэ гимназием и еджакIуэ Сенэ Даянэ ныбжьыщIэхэм къабгъэдэкIыу КъБР-м и Парламентым и УнафэщIми депутатхэми фIыщIэ яхуищIащ, къэралыр ирагъэфIэкIуэным ахэр зэрыхущIэкъунур къыхигъэщащ. Зэрыхабзэти, зэIущIэр Урысейм и къэрал гимнымкIэ зэхуащIыжащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Экологистика»-м хэщIыныгъэу къихьащ сом мелуан 500-м щIигъу

Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ IэнатIэм Урысейм и Следственнэ комитетыр, МВД-р, ФНС-р щIыгъуу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыщIигъэщащ «Экологистика» ООО-м и унафэщI КъуэщIысокъуэ Р. Г. кIэрыхубжьэрыхухэм елэжьыным, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным ехьэлIауэ налогхэр имытауэ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ къызэрагъэлъэгъуамкIэ, «Экологистика» ООО-м къэрал зэгурыIуэныгъэкIэ и къалэнхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщигъэзащIэм, налог ахъшэр игъэмэщIэн мурадкIэ, бжыгъэ пэжхэр щIихъумащ.

ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэм къыпэкIуэм и пэжыпIэр щIэхъумауэ къыщагъэлъагъуэрт зы махуэкIэ фIэкIа щымыIэну къызэрагъэпэщ IуэхущIапIэхэм. Апхуэдэу налог IэнатIэхэм ират бухгалтер тхыгъэхэм къагъэсэбэпар нэпцIу къыщагъэлъэгъуащ, налогым хагъэкIам щыщ Iыхьэ хабзэм къемызэгъыу къаIэрыхьэжын папщIэ.

Москва къалэм, Москва щIыналъэм, КъБР-м, КъШР-м щыIэ IуэхущIапIэхэмрэ абыхэм я унафэщIхэмрэ я хэщIапIэ 30-м нэблагъэ щыщIапщытыкIащ. Хабзэм къемызэгъ лэжьыгъэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэмрэ ахэр зытет IэмэпсымэхэмрэкъыщIагъэщащ.

ЗэкIэ къызэрабжьамкIэ, УФ-м и бюджетым хэщIыныгъэу игъуэтар сом мелуан 500-м щIигъуу къагъэлъагъуэ. Урысейм и СК-м Москва къалэм щиIэ къэрал IуэхущIапIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэтI (IуэхущIапIэм налогхэмрэ нэгъуэщI къыхэхыныгъэхэмрэ тыным зэрызыпыIуидзым теухуауэ) зэралэжьам къыхэкIыу.

2026 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым и Iуэхук1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкIэ – республикэ бюджет) 2026 гъэм и япэ мазищым гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэлъагъуэ хэхъуэхэмкIэ ягъэуваузэ щыта къалэнхэр, федеральнэ бюджетым къыхэкI финанс дэIэпыкъуныгъэхэр къэмылъытауэ, сом мелуан 5634,9-кIэ, е илъэс планым тещIыхьауэ процент 22,5-кIэ, хэхъуэ зэхэтымкIэ яубзыхуахэр сом мелуан 17510,7-кIэ е процент 24,2-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар. Республикэ бюджетыр хэщIхэмкIэ сом мелуан 15310,7-кIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 20-кIэ ягъэзэщIащ. Абы къыдэкIуэу зыхэплъэж пIалъэм къриубыдэу республикэ бюджетым и профицитыр сом мелуан 2199,9-рэ мэхъу.

Ищхьэк1э къыщыдгъэлъэгъуахэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI:

Республикэ бюджетыр 2026 гъэм и япэ мазищым гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м
№306-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Адыгэ Республикэм и Къэрал Советымрэ – Хасэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ зэгурыIуэныгъэ зэщIылIэным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Адыгэ Республикэм и Къэрал Советымрэ – Хасэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэщIылIэным арэзы техъуэн икIи абы Iэ щIидзыныр и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым.

2. Мы Унафэр зыщагъэгъуэзэн папщIэ яхуегъэхьын Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым – Хасэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2026 гъэм мэкъуауэгъум и 2-м
№307-П-П

Мыхьэнэшхуэ зиIэщ

Урыс географие зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ щIалэгъуалэ центрым иригъэкIуэкIащ зи цIэ-унэцIэр ямыщIэ, зи кхъащхьэр Звезднэ поселкэм и мэзылъэ щIыпIэм щыIэ кхъуэхьлъатэзехуэм и фэеплъыр мыкIуэдыжын щIыным теухуа акцэ. Абы ипэ къиихуэу «Альтаир» РГО-м и щIалэгъуалэ клубым щыщхэм гъатхэм кхъащхьэм и хъуреягъыр зэщIагъэкъэбзащ.

Iуэху щхьэпэм хэтащ Урыс географие зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и советым щыщхэр, Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэмрэ Звёзднэ поселкэм дэт абы и дзэ частымрэ, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм я лIыкIуэхэр, апхуэдэуи посёлкэм щыпсэухэр.

Урыс географие зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ щIалэгъуалэ центрым и унафэщI Мокаев Тенгиз зэрыжиIамкIэ, илъэсищ ипэкIэ Звёзднэм щыпсэу нэхъыжьхэм къаIуэтэжамкIэ къащIащ, 1942 гъэм и бжьыхьэм, Налшык бийм щахъумэу зауэ гуащIэхэр щекIуэкIым, фашистхэм уэгум кхъухьлъатэ къыщраудыхыу поселкэм и Iэгъуэблагъэм къызэрыщехуэхар. УIэгъэ хьэлъэ хъуа кхъухьлъатэзехуэр къагъуэтащ цIыхубзитIым, ар псэлъэфыртэкъым, дэфтэрхэри иIыгътэкъым. Мыгувэу ар дунейм ехыжащ икIи жьы хъуахэм я унэм пэмыжыжьэу мэзылъэм деж щыщIалъхьэри, цIыхубзхэр псэухукIэ кхъащхьэм я нэIэ трагъэтащ. 60 гъэхэм абы кIэлъыплъащ щIыпIэм и пионерхэмрэ дзэ частымрэ, обелиски ягъэуващ.

90 гъэхэм пионер организацэм лэжьэн щигъэтащ, дзэ частри зэхуащIыжащ, жылэм щыпсэухэм ящыщ куэд дэкIащ, нэхъыжьхэр дунейм ехыжри, кхъащхьэри кIэлъыплъыныгъэншэ хъуащ.

- «Альтаир» клубым 2024 гъэм абы и хъыбар къыщищIэм, къалэну зыхуигъэувыжащ хэкIуэдэж, дзэм хэтахэм я хьэдэхэр зыщIэлъ щIыпIэхэм я реестрым къыщымыгъэлъэгъуа кхъащхьэм я нэIэ трагъэтыныр. Совет илъэсхэм цIыхухэр кIэлъыплъырт нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэту хэкIуэда лIыхъужьхэм я фэеплъхэм. Урысей гвардием и дзэ частыр тщIыгъуу, кхъащхьэр зыхуей хуэдгъэзащ, къэтхухьащ, абы Iэщхэр щыземыкIуэн папщIэ, ди къарумрэ хэкIыпIэхэмрэ къызэрихькIэ илъэсым къриубыдэу зыбжанэрэ щIыпIэр зэщIыдокъуэ. ЛIыхъужьым и фэеплъыр мыкIуэдыжын Iуэхухэм щIалэгъуалэр къыхэтшэн мурадкIэ дэ зэхэдгъэуващ турист гъуэгуанэ, кхъащхьэм къыщыщIидзэу Звёзднэ посёлкэм и щыгу нэхъ лъагэм - пик Первый жыхуиIэм уишэу. Абы урикIуэныр гугъукъым икIи удэзыхьэхщ. Кхъащхьэм удз гъэгъахэр тетлъхьа, едгъэкIуэкI Iуэхум и мыхьэнэм дытепсэлъыхьа иужькIэ а лъагъуэм дрикIуащ, щыгум мафIэ щытщIащ, зыдгъэпсэхури дыкъэзыухъуреихь дахагъэм деплъащ», - къыхигъэщащ Мокаев Тенгиз.

Iуэху щхьэпэм хэтхэм захуигъэзащ СССР-м IэщIэкIэ зэщIэузэда и къарухэм я ветеран, илъэс куэдкIэ мы щIыпIэм къулыкъур щезыхьэкIа икIи Звезднэм щыпсэуа Бойкэ Евгений.

- Сэлэт мыцIыхум и фэеплъыр дымыгъэлъапIэу хъунукъым, ар игъащIэкIэ ди гум къинэн хуейщ лIыгъэм и дамыгъэу. Нобэ мыбдеж щызэхуэсу я щхьэ лIыхъужьхэм яхуэзыгъэщхъа дэ тщыщ дэтхэнэми ипэжыпIэкIэ IуэхуфI ищIащ - фIыщIэмрэ щIыхьымрэ зи лъабжьэ Iуэху, ди къэкIуэнум папщIэ зи псэр зытахэм я хьэкъыу ттелъыр дгъэзащIэри», - къыхигъэщащ абы.

Урысей гвардием и дзэ часть Звезднэ поселкэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Беляев Сергей къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ.

- ХэкIуэда лIыхъужьхэр къэлъыхъуэжыныр нобэми йокIуэкI. Унагъуэ нэхъыбэр щыгъуазэ мэхъуж, зэман кIыхькIэ хъыбарыншэу кIуэдауэ къалъыта я Iыхьлыхэм къащыщIахэр. Дэ игъащIэкIи къэдмыщIэнкIи мэхъу языныкъуэ зауэлIхэм я цIэхэмрэ къызыхэкIахэмрэ, ауэ дэ быдэу ди фIэщ мэхъу абыхэм ящыщ дэтхэнэми я гъащIэр ди къэкIуэнум, ди мамыр псэукIэм папщIэ зэратар. Аращи ди къалэнщ а фэеплъыр хъумэныр, - къыхигъэщащ Беляевым.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм жылагъуэ зэпыщIэныгъэмрэ маркетингымкIэ и къудамэм и унафэщI Погребняк Ольгэ къыхигъэщащ Урыс географие зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэм дэлэжьэныр хабзэ зэрахуэхъуар.

- Дэ сыт щыгъуи дыхущIокъу абыхэм я проект гъэщIэгъуэнхэр дэIыгъыным. ПсэкупсэIуэхухэми сыт щыгъуи бгъэдыхьэкIэ хэха яхудиIэщ. ИпэжыпIэкIэ щIалэгъуалэм къапэщылъщ блэкIар ящымыгъупщэныр, ар хъумэныр икIи дерс яхуэхъуныр, - жиIащ Погребняк Ольгэ.

«Альтаир» РГО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и Советым хэт, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Абазэ Алексей къыхигъэщащ блэкIам и фэеплъыр зэпыщIауэ лъэныкъуитIкIэ зэрызэIэпахыр. Япэр - теорие щытыкIэрщ, щIэныгъэлIхэм официальнэ дэфтэрхэр я тегъэщIапIэу зэхагъэувахэрщ. ЕтIуанэр махуэ къэс екIуэкI Iуэхухэрщ, цIыхубэм лIыхъуэжьхэм я фэеплъыр зэрахъумэрщ..

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ мыпхуэдэ махуэхэм укъакIуэу а фэеплъым улъэIэсу а хабзэр къытщIэхъуэ щIэблэм я щапхъэ яхуэхъуным. Сыхуейт нобэрей Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуэсщIыну, адэкIи лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIахыну сехъуэхъуну, - жиIащ Абазэ Алексей.

Къызэхуэсахэр къэпсэлъа иужь акцэм хэтхэм кхъащхьэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъри, фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женящ**.

Хуитыныгъэхэмрэ Iэмалхэмрэ щызэхуэдэм деж

● ЗэIущIэхэр

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зыхуигъэувыж и къалэн пажэм – щIалэгъуалэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ етыным къыдэкIуэу – IэщIагъэ зригъэгъуэтыну хущIэкъуу егъэджэныгъэр къызэзыгъэпэщ къэрал хабзэхэм къимытIэс щытыкIэ щхьэхуэхэр зэриузэхужынуми хущIокъу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, хабзэубзыху жэрдэмхэр къыхилъхьэну, ахэр гъащIэм хипщэну иужь итщ. Апхуэдэу абы гулъытэ хэха хуещI зи узыншагъэм сэкъат иIэ ныбжьыщIэхэм къэралым къарит хуитыныгъэхэр къызэпыуда мыхъуу, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ етынымкIэ Iэмалхэр къэгъуэтын, щыIэ хэкIыпIэхэр нэхъыбэ щIын зэрыхуейм. А жэрдэмхэм ящыщщ КъБКъУ-м иджыблагъэ къыщызэIуаха, «Инклюзив зэхъуэкIыныгъэхэр щIэныгъэ нэхъыщхьэм: зыужьыныгъэм и Iэмалхэмрэ къэкIуэну лъэхъэнэхэм я щIэплъыпIэхэмрэ» фIэщыгъэр зиIэ VI урысейпсо зэхуэсыр.



ЗЭIУЩIЭМ къэрихьэлIащ егъэджэныгъэ IэнатIэм пыщIа къулыкъущIэхэр, щIэныгъэлIхэр, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм епха сымаджэщхэмрэ центрхэмрэ я лэжьакIуэхэр, зеиншэхэм, адэанэхэр зыщхьэщымытыжхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм етIуанэ щIэныгъэ етынымрэ IэщIагъэ зиIэу яхэтхэм лэжьапIэ IэнатIэ егъэгъуэтынымкIэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, медицинэмрэ социальнэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зи IэщIагъэр тезыухуа студентхэр, нэгъуэщIхэри. ЦIыху 600-м щIигъу зэхэзыша зэхуэсым къеблэгъахэм яхэтщ Урысейм и щIыналъэ 55-м я лIыкIуэхэри, Арменией, Беларусым, Тыркуменистаным къикIа IэщIагъэрылажьэхэри.

Егъэджэныгъэ Iуэхухэм еплъыкIэщIэхэр бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ хэлъхьэн хуейуэ къэзыгъэув зэIущIэр къызэзыгъэпэщыр Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ университетырщ. Ар 2017 гъэ лъандэрэ КъБКъУ-м долажьэ. ЗэIущIэм къыщыхалъхьа Iуэхугъуэ куэдым я кIуэрабгъухэр КъБКъУ-м къыщахутэу, къагъуэта Iэмалхэр щагъэунэхуу, еджапIэ нэхъыщхьэм и мызакъуэу, щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым итхэм зэрыхапщэн пэхуэщIэхэр къыхилъхьэу зэрыщытыр къалъытэри, Iуэхур ди щIыналъэм щекIуэкIыныр игъуэу къалъытащ. Къыхэгъэщын хуейщ еджапIитIым я зэдэлэжьэныгъэр еджэныгъэмрэ щIэныпхъэхэмрэ щаубзыху центрхэм зэрапхыу зэрекIуэкIар, зэIущIэ щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщми пэIудзауэ зэхуэсхэр ирагъэкIуэкIыми.

Зэхуэсым щIидзэным ипэ къиихуэу, «Мираж» Iэпэтэрмэш театрыр утыку къихьащ, и гъэлъэгъуэныгъэ къудейм уи щхъуэфэцым зригъэIэту, щыIэныгъэм уригъэгупсысу, щыIэ щытыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейр хьэкъыу къагъэуву. Утыкум къихьа гупым зы макъ къамыгъэIуу, къэралым и гимныр Iэпэтэрмэш защIэкIэ жаIащ. Псалъэхэм яхэлъ гузыхэщIэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэну пкъыбзэкIэ къэIуэта хъуати, зы едзыгъуэр кIуа нэужь, пэшым щIэсхэм къыкIэлъыкIуэ едзыгъуэм и псалъэхэр къапхъуатэри, утыкум итхэм ядежьууащ.

Театрыр утыкум щикIыжым, зэхуэсым кърихьэлIахэм фIэхъус псалъэкIэ закъыхуигъэзащ УФ-м щIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министрым и къуэдзэ Петровэ Ольгэ.

- Мы гъащIэм гур хэзыгъахъуэ Iуэхугъуэ куэд дыщрохьэлIэ, нэхъыфIу щытатэмэ, сыт ягъэкIынт, жыдигъэIэу дигу хэзыгъэщIу тлъагъухэри мащIэкъым. Ауэ зыми хуэдэжкъым зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм ятеухуауэ дызыгъэнэщхъыфIэхэмрэ дызыгъэнэщхъейхэмрэ. ДонэщхъыфIэ, а IуэхумкIэ ди къалэн тхуэгъэзащIэмэ, узыншагъэкIэ зи Iуэху хуэмыщIахэм я гуныкъуэгъуэхэр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми ящхьэщытхыфмэ. Донэщхъей, дызытепсэлъыхьхэм гъуэгу щамыгъуэтым, тхузэфIэкIынур щхьэдэдгъэIухрэ щыблэдгъэкIым деж. Сэ фIыщIэшхуэ яхуэсщIынут зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм я Iуэхур щIэныгъэ нэхъыщхьэм зыхуей щыхуэгъэзэным хуэунэтIауэ 2017 гъэ лъандэрэ лэжьыгъэ щхьэпэ езыгъэкIуэкI псоми. УзыншагъэкIэ я кIэн къимыкIами, абыхэм яхэтщ фIыуэ узыщызыгъэгугъ сабий зэчиифIэхэр, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъхэр, щIэныгъэшхуэ зыкъуэлъхэр. Апхуэдэхэр хущIокъу гугъуехьым зрырамыгъэуду ипэкIэ кIуэтэну, лъагапIэщIэхэр къагъэIурыщIэну. Хьэкъыу си фIэщ мэхъу мы зэхуэс щIагъуэм егъэджэныгъэм и пащхьэ къиувэ Iуэхугъуэ зэIумыбзхэр зэфIэхынымкIи, къэралым телъ къалэнхэм гу лъегъэтэнымкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэнур. Iэджэ гугъуехьми дыпэщIэтщ, ар пэжщ. Апхуэдэу щыт пэтми, къытщIэувэ щIэблэмрэ къэралым и къэкIуэнумрэ нэхъапэ щыIэкъыми, тхузэфIэкI къэдмыгъанэу ахэр къызэдгъэпэщын хуейщ. Дыщызэщыгъум деж дылъэщщи, дыщылъэщым деж, дызыIущIэ лъэпощхьэпохэр зыми щыщкъым. ФефIэкIуэну, фIыкIэ лэжьыгъэр къефхьэлIэну си гуапэщ, – жиIащ къулыкъущIэм.

Петровэ Ольгэ и къэпсэлъэныгъэм къыхэщащ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу щIэныпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ центрхэр къэралым и щIыпIэ куэдым къызэрыщызэрагъэпэщар, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм я еджэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ зыхуей хуэзэгъэным и IуэхукIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэгъэкъуэн бэлыхь ахэр зэрахуэхъур.

ХьэщIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат. Абы и псалъэм къыщыхигъэщащ зи узыншагъэм сэкъат иIэ щIалэгъуалэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыным и IуэхукIэ щIыналъэм лэжьыгъэшхуэ иужьрей илъэсхэм зэрыщрагъэкIуэкIар.

- ЦIыхугъэм къиубыд Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщу узыблэплъыкI мыхъунур узыншагъэкIэ зи Iуэху хуэмыщIахэм ядэIэпыкъун зэрыхуейрщ. ГъэсапIэхэмрэ пэщIэдзэ еджапIэхэмрэ къыщегъэжьауэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм щыщIэкIыжу, ди щIыналъэм пэхуэщIэ зыкъом къыщыхалъхьащ. Абыхэм я нэхъыбэм гъуэгу ягъуэтащ, ауэ, гурыIуэгъуэщ, лэжьыгъэр зэпыбгъэу хъунукъым, нэхъыфI пхуэщIынум и Iэмалхэр зэхэлъхьэн хуейщ. Къэрал хабзэхэр цIыхухэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжу мардэ зыбжанэ къызэщIаубыдэ. Я лъэкIыныгъэхэм емылъытауэ, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэми апхуэдэ Iэмал яIэн хуейщ. ТхузэфIэкIи къэдгъанэркъым, ар къэгъэнауэ, мы зэхуэсым къыщыхалъхьэну гупсысэхэм къэрал лэжьакIуэхэм гу лъатэу хабзэубзыху жэрдэм зыбжани къыхалъхьэнкIэ хъунущ. ЩIалэгъуалэ программэ хъарзынэхэр щыIэщ, игъуэт абыхэми хэплъауэ, мы щIэнIуатэм къиIэтыну Iуэхугъуэ нэхъ Iэмалыншэхэр абыхэм зэрыхуэхуэнапхъэ кIуэрабгъухэри къыхагъэщатэмэ, – жиIащ Хъубий Марат.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат и къэпсэлъэныгъэр методикэ Iуэхугъуэхэм триухуащ, студентхэр инклюзив лэжьыгъэм нэхъ жыджэру хэшэн зэрыхуейри къыхигъэщащ.

- Студентхэм Iэмал зэхуэдэ етыныр - ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Шэч хэлъкъым, дызытепсэлъыхьыпхъэхэр мащIэкъым, абы хуэгъэпсауэ хъарзынэу лэжьэн IэнатIэхэри диIэщ. Ауэ Iуэхум щIэныпхъэ хэмылъмэ, жыжьэ кIуэнукъыми, методикэ и IуэхукIэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр нэхъыбэу диIэн хуейщ. Сыт щхьэкIэ? Зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыхухэр зыхуэныкъуэкIэ зэщхьэщокI, дэтхэнэми удэлэжьэным щхьэхуэныгъэ Iэджи иIэщ. Нэм къимыубыд, лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщхэми щIэныгъэ езытхэми зэуэ къамылъагъун апхуэдэ щытыкIэхэр къэзыхутэн хуейхэр мащIэу щытынкIэ Iэмал иIэкъым. Псалъэ къущым зыри къихьынукъым, дэIэпыкъуэгъу хуэнукъуэ цIыхур гурэ псэкIэ зэрызыхэпщIэр къебгъащIэу удэмылажьэмэ. Си япэкIэ къэпсэлъахэм къыхагъэщащ инклюзив щхьэхуэныгъэхэр зыбгъэдэлъ сабийхэм зэчиифIэ куэд къазэрыхэкIыр. Сэри шэч къытесхьэркъым абы, сыту жыпIэмэ апхуэдэ цIыхухэр нэхъ набдзэгубдзаплъэщ, ямыIэр иризыгъэкъуж есэныгъэрэ щIэныгъэкIэ лъэрызехьэхэщ. Дадэвгъэлажьэ, ди щыщIэныгъэхэр дузэхужын хуэдэу, кIуэрабгъухэр къэдвгъэгъуэт, – жиIащ Къардэн Мурат.

Зэхуэсым хэтхэм гуапэу къахэпсэлъыхьащ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ IуэхухэмкIэ и проректор Лесев Вадим, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ университетым щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и проректор Кузнецовэ Оксанэ, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Хьэщхъуэжь Борис, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз, Ставрополь щIыналъэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэр социальнэу хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Ильин Денис сымэ. Абыхэм я псалъэм къыхэщащ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм иратыну щIэныгъэм и купщIэр къызэщIэкъуауэ щытын, унэтIа методологиер программэм хэухуэнауэ гъэпсын, лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэща хъунымкIэ Iэмалхэр зэрыщыIэр Iуэхум хэзымыщIыкIхэм я деж нэгъэсын зэрыхуейр. Апхуэдэу къулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ щIыналъэми къэралми узыншагъэкIэ зи Iуэху хуэмыщIахэр зыпэрыбгъэувэ хъун IэнатIэхэр нэхъыбэ зэрыщыщIыпхъэм, абыхэм яхуэкIуэ есэныгъэхэмрэ а есэныгъэхэр языгъащIэ еджэныгъэ программэхэмрэ университетхэм я лэжьыгъэм Iэмалыншэу зэрыхэлъхьапхъэм.

МахуищкIэ екIуэкIыну зэхуэсым и япэ Iыхьэр щызэфIэкIым, хьэщIэхэр щхьэж и унэтIыныгъэкIэ къыщыпсэлъэну къудамэхэм зэбгрыкIащ. КъБКъУ-м и «ЗыужьыпIэхэм» щекIуэкIыну лэжьыгъэр зэрыщыткIэ трагуэшэнущ «ЩэнхабзэмрэлъапIэныгъэхэмрэ», «Жылагъуэмрэ къэралымрэ», «ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ», «Экономикэмрэ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ» къудамэхэм. Абдеж щытепсэлъыхьынущ Iуэхум хэтхэм, инклюзив дуней еплъыкIэ зэрызрагъэгъуэтынум, технологие гуэдзэхэр къызэрагъэсэбэпынум, къэралыр щIэгъэкъуэн щыхъу щIыпIэхэм деж и мылъкур къызэрахьын зэпеуэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ къызэрызэрагъэпэщынум, лэжьапIэ IэнатIэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр зэрырагъэфIэкIуэнум.

Зэхуэсым и етIуанэ махуэм практикэ гъэпсыкIэ иIэнущ. Апхуэдэу жэрдэмщIакIуэхэм ирагъэкIуэкIынущ форсайт-сессиекIэ зэджэ гуп лэжьыгъэхэр, мастер-классхэр, Iэнэ хъурейхэр, пэхуэщIэхэр щызэхалъхьэ щIэнIуатэхэр.

Ещанэ махуэм къызэщIэзыкъуэж лэжьыгъэхэр екIуэкIынущ. Апхуэдэу къудамэхэм зи гугъу щащIахэр зэхалъхьэжынурэ, «Инклюзив дуней еплъыкIэ», «Инклюзив егъэджэныгъэм и дунеяплъэ», «Инклюзив пэхуэщIэхэм я зэхэгъэувэкIэр», «Инклюзив лэжьапIэ IэнатIэхэр» фIэщыгъэхэр зиIэ жэрдэмиплIыр къэралымрэ лэжьапIэ IэнатIэкIэ цIыхухэр къызэзыгъэпэщ къулыкъущIапIэхэмрэ я пащхьэ къралъхьэнущ. Зэхуэсым и лэжьыгъэр кърахьэлIа нэужь, хьэщIэхэм Налшык къалэм зыщрагъэплъыхьынущ, ахэр Iуащхьэмахуэ лъапи яшэнущ.

ТАБЫЩ Мурат.

● Гу зылъытапхъэ

ЛэжьапIэ къэфлъыхъуэмэ

2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м сыхьэти 10-м щIидзэу екIуэкIынущ «Урысейм щыIэ лэжьапIэ IэнатIэхэр. ХэкIыпIэхэм я зэман» зыфIаща, цIыхухэм IэнатIэ ягъуэтынымкIэ урысейпсо жармыкIэр. Абы хэтынущ промышленность, мэкъумэш хозяйствэ, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, ухуэныгъэ, хъыбарегъащIэмрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэмкIэ IэнатIэхэу лэжьакIуэ хуэныкъуэхэм я лIыкIуэхэр.

IЭНАТIЭ къэзылъыхъуэхэр абдежым щыгъуазэ ящIынущ лэжьакIуэ хуэныкъуэ щIыпIэу яIэхэм, абы ягъэувынухэм я къалэнхэм, IуэхущIапIэ здагъэувынур зыхуейзыхуэфIкIэ къызэрызэгъэпэща щIыкIэм, я улахуэр зыхуэдизынум, социальнэ шэсыпIэу кърatынухэм, «ЛэжьакIуэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ IэщIагъэм зэрыхурагъаджэ, нэгъуэщI зэрырагъэгъуэт Iэмалхэм икIи езыхэм къыхах унэтIыныгъэмкIэ я зэфIэкIыр кърагъэпщытэфынущ.

ЖармыкIэр щекIуэкIыну щIыпIэр: КъБР, Налшык къалэ, Щэнхабзэ, зыгъэпсэхупIэ парк, ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зезыхьэ хадэ, Розэхэм я аллее.

● Оперативнэ штабым къет

Сакъыну къыхураджэ

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ махуэшхуэмкIэ - Урысейм и махуэмкIэ – йохъуэхъу икIи ахэр къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну:

- щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;

- автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм деж щывгъэув;

- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфщIамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкIуэкIыну мурад зэраIэм, къагъауэ Iэмэпсымэхэр, Iэщэхэр цIыхухэм зэраIыгъым фыщыгъуазэмэ, щIэпхъаджагъэ лэжьыным пыщIахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфIэрыхьэмэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ экстреннэ къулыкъущIапIэхэмрэ икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъащIэ;

- хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс Iуэхухэр щекIуэкIкIэ хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ жэуап зыхьэмрэ къагъэувхэр вгъэзащIэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаIэрыхьа псоми ятеухуа Iуэхухэр зэфIагъэкIынущ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщIэ.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым шэч зыхуащIым ехьэлIа хъыбар къаIэрызыгъэхьахэр хэIущIыIу ищIынукъым, апхуэдэуи фIыщIэ яхуещI республикэм щыпсэухэм зэрызэхащIыкIым папщIэ.

«**Линэ пщтыр**» **телефонхэр**:

- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);

- КъБР-м щыIэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);

- Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);

- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм: 39-99-99 (плъыр часть).

Дунейм щыхъыбархэр

Зыгъэпсэхугъуэм хуэхьэзырщ

«Роспотребнадзор»-м и унафэщI Поповэ Аннэ зэрыжиIамкIэ, сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэхэр къыщызэрагъэпэщыну къагъэлъэгъуа щIыпIэ псори гъэмахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыращ.

«Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжыну IуэхущIапIэхэмрэ псы Iуфэхэмрэ ткIийуэ къапщытащ икIи абыхэм я санитар-эпидемиологие щытыкIэм арэзы къищIащ. Яхуэдгъэува жыпхъэхэм къимызагъэ абыхэм яхэтакъым», - жиIащ абы.

Санитар-эпидемиологие Iуэхугъуэхэм хыхьэу псым и фIагъыр, зыгъэпскIыпIэ щIыпIэхэм я щытыкIэр, IуэхущIапIэхэм къегъэщIылIа щIыналъэр мэлхьэпIатIэхэм зэрыщахъумэ щIыкIэхэр къахутащ.

2026 гъэм и гъэмахуэм сабийхэм зыщагъэпсэхуну, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжыну къэралым щылэжьэнущ IуэхущIапIэ мин 40-м щIигъу. Iуэхум зыщыхуагъэхьэзырым мыхьэнэшхуэ иратащ сабий нэхъыбэ къызэрызэщIрагъэубыдэным икIи шынагъуэншагъэр тэмэму къызэгъэпэща хъуным. Гулъытэ хэха хуащIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэм, щIыналъэщIэхэм, къызэрымыкIуэ щытыкIэм къихута хэгъэгухэм щыпсэу сабийхэм я зыгъэпсэхугъэр зыхуей хуэзэу зэрырагъэкIуэкIынми.

ЖыпIэ мыхъуну псалъищ

Телефон гъэпцIакIуэхэр куэд хъуащ нобэрей зэманым. Апхуэдэ щIэпхъаджащIэхэм яжепIэ мыхъуну псалъищ къагъэлъэгъуащ IэщIагъэлIхэм.

«Абыхэм ядебгъэкIуэкI псалъэмакъхэм «нтIэ», «щыхьэт сытохъуэ», «сыарэзыщ» псалъэхэр къыхэбгъахуэ хъунукъым. Ахэр уэршэрым къыхахынурэ я щIэпхъаджагъэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIынымкIэ къагъэсэбэпынущ», - къыжриIащ «РИА» хъыбарегъащIэ агентствэм и журналистым «Уэ езыр къэпсэлъэж» проектым и унафэщI Шилинэ Валентинэ.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, гъэпцIакIуэхэр къыщыпсалъэкIэ «Сэ езыр иджыпсту сынэпсэлъэжынщ» жепIэу, псалъэмакъыр зэпыбудынырщ а Iуэхум и хэкIыпIэ нэхъыфIыр.

НОБЭ

♦**1939 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДыщэкI ФатIимэт**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 6-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 27-рэ: 17-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 30: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 16-р щIалэщ.

Мэкъуауэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 237-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3910-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи насып зыхэмылъым дагъуэ къыхуогъуэт.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Польшэм щыпсэуа адыгэ уэркъхэр

«Тэрчрэ Псыжьрэ я зэхуаку дэлъ адыгэ щIыналъэм икIри, Польшэм уэркъитху кIуат. Ябгына щIыпIэм зэреджэр Бгитхут, тэтэрыбзэкIэ Бештан. Абдеж къыщыщIэдзауэ къухьэпIэмрэ къуэкIыпIэмкIэ зыщызыукъуэдий щIыналъэр Къэбэрдейт. Щопсэу абы къэбэрдейхэр, беслъэнейхэм я благъэ дыдэу лъэпкъ уардэр. Ахэр къызытехъукIыжа пщыжьырщ, Инал Нэху, 15 - 16-нэ лIэщIыгъуэхэм Адыгэ Хэкур къызэзыгъэпэщыжауэ щытар. Къэбэрдейхэм зы лъэныкъуэкIэ къабгъэдэсщ къырым тэтэрхэр, адреймкIэ темрыкъуейхэр», - мыпхуэдэу къыщIедзэ Польшэм зэрымыщIэкIэ къыщыхутауэ щыта адыгэ уэркъитхум я хъыбарым.

1556 гъэм украин уэркъ Вишневецкий Димитрэ Польшэр ибгынэри, Урысейм кIуат, къырым тэтэрхэм езэуэну. Ар къэзакъ армэм и унафэщIт, дзэпщ лъэрызехьэт а зэманым. Къыхэгъэщыпхъэщ Вишневецкэм запорожскэ къэзакъхэм я лъабжьэр зэригъэтIылъар, мы щIыпIэхэм япэ дыдэу къыщыщыхута къэзакъри зэрыарар. Дзэпщым и ехъулIэныгъэхэр къилъытэри, урысей пащтыхь Иуан Ябгэм ар Къэбэрдейм и губернатору къигъэкIуауэ щытащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Вишневецкэр Къэбэрдейм илъэс зыбжанэкIэ щыIащ икIи адыгэ уэркъхэмрэ абырэ ныбжьэгъушхуэ зэрыгъэхъуат.

1561 гъэм Иуан Ябгэр Польшэм теуат. Димитрэ уэркъым ар и гум хутегъэхуакъым икIи и хэкужьым ебгъэрыкIуа Урысейм афIэкIа щымыIэфу, игъэзэжащ. Пащтыхьыр абы хуабжьу иригубжьат. «Хьэм хуэдэу къэкIуати, хьэм хуэдэу игъэзэжащ», - жиIэгъат Иуаным Вишневецкэм щхьэкIэ. Ар Димитрэ къылъыкъуэкIа гугъуехьхэм я пэщIэдзэу къыщIэкIащ. Сыту жыпIэмэ, 1563 гъэм ар Мордовэм щаубыдри, Истамбыл ирагъэшащ, къырым тэтэрхэм зэратеуам щхьэкIэ и унафэ ящIыну. ИкIи Тыркум щыпалъауэ щытащ.

А лъэхъэнэ дыдэм Къэбэрдейм зыкъыщаIэтат уэркъ гупым. Вишневецкэм и ныбжьэгъуу щыта уэркъ гуп Польшэм ежьащ, Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр якъутэжынымкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуну щIэлъэIуну. Иуан Ябгэм ар къыщищIэм, унафэ ищIащ къепцIыжа адыгэ уэркъхэр къаубыду, щхьэпылъэм ирашэлIэну.

1561 гъэм шыщхьэуIу мазэм Польшэм и пщым къэбэрдей уэркъхэр хуит ищIащ а къэралым щыпсэуну, урыс пащтыхьым и губжьым щахъумэнуи псалъэ къаритащ. Апхуэдэу, 1562 гъэм къэбэрдей уэркъхэр Польшэм Iэпхъуауэ щытащ я унагъуэри зауэлIхэри ящIыгъуу. Нобэ къызэратIэщIыжамкIэ, а лъэхъэнэм Польшэм Iэпхъуауэ щытащ адыгэу цIыху 300-м щIигъу. Пщыр абыхэм гуапэу къапежьат, зыхуэныкъуэ псомкIи къызэригъэпэщат Къамболэт и къуэ Къасым, Къамболэт и къуэ Гаврилэ, Къанщауэкъуэ Сибокъуэ, Жумыкъуэ Солгоен, Жумыкъуэ Темрыкъуэ сымэ.

Урыс пащтыхьым къыгурыIуэжырт апхуэдэ щIыкIэкIэ Польшэм зауэлI хахуэ куэд къызэрыщыхутар. Абы игъэгубжьри, адыгэ уэркъхэм якIэлъигъэкIуащ Клобуков Алексей. Ауэ къэбэрдей зауэлIхэм ядакъым къагъэзэжын, къищынэмыщIауэ, языныкъуэхэм чыристан диныр къащтат, мыдрейхэр мажусий диным зэритт. Европэм Iэпхъуауэ щыта адыгэ уэркъхэм я щIэблэм польскэ католичествэр къащтащ, къэралым щыцIэрыIуэ дзэпщ лъэрызехьэхэу псэуащ.

Псалъэм папщIэ, Солгоенрэ Темрыкъуэрэ «Iуащхьитху къэзакъхэр» полкым и унафэщIу щытахэщ. Темрыкъуэ Польшэм щигъэлъэгъуа лIыгъэм теухуауэ дэфтэр куэд къыхэнэжащ тхыдэм. Псалъэм папщIэ, 1572 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м тыркудзэр Молдовэм къыщытеуам, полякхэм зэрыщыту зауэ губгъуэр ябгынауэ щытащ, шынэри. Ауэ Жумыкъуэ Темрыкъуэ зи пашэу щыта полкыр бийм пежьэри, езэуащ, щIэпхъуэжа полякхэр хущIегъуэжу, зауэ губгъуэм къагъэзэжыху.

Темрыкъуэ игъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ Польшэм и пщым пщIэшхуэ къыхуищIу щытащ, уеблэмэ аристократием къыхигъэщхьэхукIырт, псом япэ иригъэщу, икIи Украинэм и латвие, киев, подольск щIыналъэхэм хиубыдэ уардэунэ зыбжанэ тыгъэ къыхуищIауэ щытащ.

Польшэм къыщыхута къэбэрдей уэркъхэр къулей хъури, Украинэм и Подольск щIыналъэм итIысхьэжащ, зэрымыгъэкIуэдауэ, зэрызэрыIыгъыу. Абыхэм я хъыбар зыхэзыха адыгэ зауэлIхэмрэ уэркъхэмрэ Польшэм кIуэрт, къэбэрдей дзэпщхэм я уэрым хэувэну щIэхъуэпсу. Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыуи, лъэ быдэкIэ ува къэбэрдеидзэращ 1795 гъэ пщIондэ Польшэм къару нэхъыщхьэ дыдэу иIар.

Польшэр къазэуу, Урысейм, Пруссием, Австрием зэхуагуэшыжа нэужь, къэбэрдей уэркъхэм я щIэблэри зыхьэхуа лъэпкъхэм хэшыпсыхьыжащ. Ауэ жаIэж адыгэ щэныр, хьэлыр, напэр, теплъэр зыкъомрэ хэмыгъуащэу яхъумауэ.

Псыежэххэм я натIэ хъуар

Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и псыежэххэм къалэнышхуэхэр ягъэзащIэ: жыг хадэхэм щIагъэлъадэ, гидроэлектростанцхэр тращIыхь. Апхуэдэу, республикэм игъэкIуэд электрокъарум щыщу процент 30-р ди деж къыщалэжь - Бахъсэн, Аушыджэр, Къэщкъэтау ГЭС-хэм. Къыхэгъэщыпхъэщ, ди щIыналъэм псыуэ щежэхыр электрокъару къыщIэхыным зэрытекIуадэр.

КАВКАЗ Ищхъэрэм мыхьэнэ нэхъ зиIэ и псы уэрхэм ящыщщ Тэрчыр. Абы къыдэкIуэу, цIыхум лей нэхъ зрихари аращ. 1929 гъэм Тэрчыпсым тращIыхьауэ щытащ Джылахъстэней псыIущIэр. Абы мыхьэнэуэ иIар къэплъытэн папщIэ, тхыдэм дыхэплъэнщи, дигу къэдгъэкIыжынщ Урожайнэ къуажэм (Абейкъуажэ) а лъэхъэнэм НеурожайнэкIэ еджэу зэрыщытар. Тэрчым и щIыр гъущэт, жыгхади гъави тэмэму къахуэкIыртэкъым. ПсыIущIэм и фIыгъэкIэ ахэр хуиту щIым телажьэ хъуати, хасэри къахуэкIырт, абы къыхэкIыу НеурожайнэмI и цIэр УрожайнэкIэ яхъуэжащ.

ФIы дощIэ жаIэри, зы гуныкъуэгъуэм ебэнурэ, нэгъуэщI гуныкъуэгъуэ къыкъуэкIащ - Каспийм къикIыу мыбы къакIуэ бдзантIэмрэ аргъеймрэ я гъуэгур зэхуащIащ. Апхуэдэу, 1956 гъэм ирихьэлIэу зи гугъу тщIа бдзэжьей лIэужьыгъуэхэр КъБР-м щыкIуэдыжыпат.

1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р яухуэри, Тэрч хэлъэдэж Бахъсэныпсым хэIэбэн хуей хъуащ. ЗэрытIлъагъущи, республикэм аргъеймрэ бдзантIэмрэ щыкIуэдыжыпа лъэхъэнэм ипэжкIэ, Бахъсэныпсым хэкIуэдыкIащ бдзэжьей къуэлэныр. Абы кърикIуар къыбгурыIуэн папщIэ, фи нэгу къыщIэвгъэхьэ цIыхум и лъынтхуэ гуэрым лъы пцIа Iуищ Iэу инсульт хъуауэ! Апхуэдэ дыдэу псымрэхымрэ зэпыщIауэ, Щым и «IэпкълъэпкъырзезыгъакIуэ» къарущ. КуэдмимащIэми, зыщIыпIэ деж ущыхьэIэбэмэ, псоми къофыкI.

Бахъсэн ГЭС-р ди щIыуэпсым зэрегуэуам ущытепсэлъыхькIэ, уи нэгу къыщIоувэ Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатымрэ абы и псы фIейзэхуэхьэсыпIэмрэ. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, ГЭС-м лэжьэн щигъэтыжащ, ауэ, Бахъсэныпсым бдзэжьейуэ хэсар зэрыкIуэдыжар зи ягъэхэм ящыщщ стынцыр яутIыпщыжауэ зэрыщытар. Сыту жыпIэмэ, комбинатым къыпкърыкIа фIейр апхуэдизкIэ гуащIэти, илъэс бжыгъэ куэдкIэ ипэкIэ Iэбэу, Бахъсэныпсым и экосистемэр зэтрикъутэфащ.

Тэрч щIыналъэм и тхыдэм гукъэкIыж дыджу къыхэнэжащ 1933 гъэр. А гъэм аргъуейр апхуэдизкIэ куэд хъуати, цIыхухэр техьэгъуэм иукIырт. Уеблэмэ Москва къалэм Тропическэ медицинэмкIэ дэт институтым зекIуэшхуэ къызэригъэпэщат, КъБР-м зыщызыубгъуа узыфэ шынагъуэр яджыну. А Iуэхугъуэр техуат колхоз зэхэгъэхьэгъуэми, къуажэм Iэщу дэтар дахуа нэужь, аргъуейхэм нэгъуэщI Iэмал ямыгъуэтыжу, губгъуэм лажьэу ит цIыхухэм зратат. А псори псыIущIэм кърикIуа насыпыншагъэщ.

Тэрч щIыналъэм и щIыуэпсым игъуэта удыныр зэрагъэзэкIуэжам и гугъу пщIымэ, уасэшхуэ зиIэ бдзэжьей лIэужьыгъуэхэр зэрагъэкIуэдам къыхэкIыу, псым и Iэхэлъахэм завод щаухуат, аргъей щызэрахуэу. СССР-р щылъэлъэжам щыгъуэ а заводри кIуэдыжащ. Шэджэмыпсым тращIыхьа бдзэжьей заводым бдзэжьей къуэлэныр щызэрахуэным и пIэкIэ (и къалэн нэхъыщхьэри арат), ди щIыуэпсым и хамэ нэгъуэщI лIэужьыгъуэ ягъэхъун щIадзат. Шэрэджыпсым тращIыхьа ГЭС-м къыздихьа щIыуэпс зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэнщIыжыну яужь иту Iуэху гуэрхэр зэрахуэми, мыхьэнэ щIагъуэ иIэу къыпхуэщIэркъым. Къэщкъэтау ГЭС-м и Iэхэлъахэм къыщызэрагъэпэща бдзэжьей гъэхъупIэм къуэлэныр щагъэбэгъуэну жаIами, нэпцIу къыщIэкIыжащ.

КъБР-м и псыежэххэм тращIыхьа гидроухуэныгъэхэр зэран зэрыхъуар, псыхэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэмрэ абы кърикIуа щIыуэпс насыпыншагъэхэмрэ къалъытэн папщIэ, къэпщытэныгъэшхуэхэр ирагъэкIуэкI КъБКъУ-м биологиемкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм. Абыхэм къагъэлъэгъуащ е здэщыIэм фIы зэрыщымыIэжыр. КъищынэмыщIауэ, дипсхэм «я махуитI зэхуэдэкъым»: зэм уэру, зэм цIыкIуу къокIуэ, бгыщхьэм псы хъумапIэ щыбухуэну зы Iэмал иIэкъыми, республикэм электрокъарууэ игъэкIуэдыр зэрыщыту мыбдеж къыщыщIэпхыну умыгугъэххэми хъунущ.

Университетым фыщIэтIысхьэну зывгъэхьэзырамэ

Мыгувэу щIидзэнущ 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым абитуриентхэр къыщригъэблагъэ кампанием. А пIалъэм фыкъыкIэрымыхун, фызыхуеину дэфтэрхэр и чэзум вгъэхьэзырын, къыхэфхыну унэтIыныгъэхэм щыхьэт фытехъуэжын, студент зэчиифIэхэм ират дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэр къывигъэщIэн папщIэ КъБКъУ-м Профориентацэ лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Тхьэзэплъ ФатIимэ упщIэ зыбжанэм жэуап къаритащ.

- КъБКъУ-м зэрыщIэтIысхьэ Iуэхухэм мэкъуауэгъуэм и 20-м щIидзэнущ. Мы гъэм дэфтэрхэр къеIыхыныр дауэ къызэрагъэпэщыну?

- Дэфтэрхэр къеIыхыныр Урысей псом зэгъусэу мэкъуауэгъуэм и 20-м щыщIадзэнущ икIи гъэмахуэ псом екIуэкIынущ. Мы гъэм абитуриентхэм Iэмал тыншу щы къыхузэрагъэпэщащ: я щхьэкIэ приёмнэ комиссэм екIуэлIэну, «Госуслуги» порталымкIэ («Поступление вуз онлайн» сервисымкIэ) онлайну дэфтэрхэр ягъэхьыну е пощт зэпыщIэныгъэр къагъэсэбэпыну.

- Университетым къыщIэтIысхьэну зызыгъэхьэзырхэм сыт хуэдэ махуэ нэхъыщхьэхэр ящIэн хуей?

- ЕГЭ-м кърикIуахэм япкъ иткIэ, бюджетым щIэхуахэм дэфтэрхэр къеIыхыныр бадзэуэгъуэм и 25-м еух. Курыт IэщIагъэ щрат еджапIэхэм я дипломыр зыIыгъыу бюджетым къакIуэхэм, университетым экзамен щызытыж абитуриентхэм я дэфтэрхэр бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ ятын хуейщ. Контракт егъэджэныгъэ щыкIэр къызэзыхахэм я дэфтэрыр къеIыхыныр шыщхьэуIум и 29 пщIондэ екIуэкIынущ. ПщIэ щIату еджэну КъБКъУ-м экзамен щызытын хуейхэм шыщхьэуIум и 11 пщIондэ дэфтэрхэр ят хъунущ.

- Сыт хуэдиз унэтIыныгъэм щIэплъхьэ хъуну дэфтэрхэр?

- Федеральнэ хабзэхэм япкъ иткIэ, абитуриентым дэфтэрхэр иритыфынущ Урысей Федерацэм и еджапIэ нэхъыщхьитхум. Апхуэдэ дыдэуи еджапIэ нэхъыщхьэ къэс унэтIыныгъитхум нэс къыщыхэпх хъунущ.

- Сыт хуэдэ дэфтэрхэр бгъэхьэзырын хуей?

- Iэмал зимыIэхэм хохьэ егъэджэныгъэм теухуа дэфтэрыр (аттестатыр е дипломыр), СНИЛС-мрэ ИНН-мрэ, медицинэ справкэр, прививкэхэм ятеухуа сертификатыр, зи узынша-гъэм сэкъат иIэхэм - ныкъуэдыкъуагъэм теухуа справкэр, и ехъулIэныгъэхэм щыхьэт техъуэ тхылъхэр. Абыхэм ятеухуа тхыгъэ университетым и официальнэ сайтым къралъхьэ, «Абитуриентхэм папщIэ» гуэдзэным.

- Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэра балл нэхъыбэ къозытыр? ЩIэуэ зыгуэр къыхыхьа?

- Абыхэм я список убгъуа КъБКъУ-м и сайтым итщ. Ауэ кIэщIу жыпIэмэ, дыщэ е дыжьын медаль, фIы дыдэу аттестат зиIэм ЕГЭ-м кърикIуахэм балли 10 хухалъхьэ. «Абилимпикс» зэпеуэм зэрыщытекIуам папщIэ балли 10 худыщIагъу. ГТО-м и дыщэ е дыжьын дамыгъэм папщIэ - балли 3. КМС-м и спорт разрядым балл лейуэ 6 хуагъэзащ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхъуэкIыныгъэ къыхалъхьащ волонтёр тхылъ цIыкIум ехьэлIауэ: иджы ар системэщIэкIэ къалъытэ. Волонтёр Iуэхум зэрыхэта илъэс къэс зы балл хуагъэув. Нэхъыбэ дыдэу балли 4 къыпIэрыхьэфынущ. Школхэр къэзыухахэм дыгъэгъазэм ятх кIэух тхыгъэм папщIэ - зы балл. Апхуэдэу балл гуэдзэхэр кърипхыфынущ КъБКъУ-м и олимпиадэхэм текIуэныгъэ къыщыпхьамэ - балли 3-м къыщыщIэдзауэ 10-м нэс. УиIэ ехъулIэныгъэхэм папщIэ еджапIэ нэхъыщхьэм балли 10 пхухилъхьэфынущ. Абитуриентым и ехъулIэныгъэ щхьэхуэхэр псоми я зэхуэдэ системэм къыщыгъэлъэгъуащ, зэпеуэм балл бжыгъэ зэщхь къыщахьамэ, ехъулIэныгъэ нэхъыбэ зиIэр токIуэ.

- 2026 гъэм унэтIыныгъэщIэхэр иIэ университетым?

- НтIэ. Курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт мардэм тету ДизайнымкIэ колледжым къыщызэIуахащ «Рекламэ» IэщIагъэщIэм щыхуагъасэ. Мы гъэм мы унэтIыныгъэм пщIэ щIату щрагъэджэну аращ.

- Нэгъабэ сыт хуэдэ унэтIыныгъэхэм нэхъ щIэтIысхьа щIалэгъуалэр? Мы гъэм сыт хуэдэрауэ пIэрэ япэ ищынур?

- Хабзэ зэрыхъуауэ, щIэупщIэ нэхъ зиIэхэм ящыщщ классикэ унэтIыныгъэхэр: медицинэр, юриспруденцэр, экономикэр. Абы щыгъуэми инженер-техникэ IэщIагъэхэм хуащI гулъытэм зэрыхэхъуэр къыжыIапхъэщ. Дыщогугъ ар мы гъэми апхуэдэу щытыну.

- Университетым абитуриент зэчиифIэхэм дауэ защIигъакъуэрэ?

- Дэ мылъку, академическэ дэIэпыкъуныгъэ диIэщ. Псалъэм папщIэ, ЕГЭ-мкIэ балли 100 къэзыхьа еджакIуэм зэ тыгъуэу сом 100000 ират. Балл куэд зиIэхэм (унэтIыныгъэ къэс бжыгъэ хэха яIэщ) папщIэ япэ семестрым кърыубыдэу мазэ къэс сом мини 10 стипендиеу ират. КъищынэмыщIауэ, КъБКъУ-м жыджэру олимпиадэхэр ирегъэкIуэкI. Профильнэ, Кавказ Ищхъэрэ предмет олимпиадэхэм ухэтмэ, Iэмал къуитынущ ущыщIэтIысхьэкIэ балли 3-м къыщыщIэдзауэ 10-м нэс къыпIэрыхьэну.

- ЗэрыщIэтIысхьэ дэфтэрхэр зрат къэпщытакIуэхэр дэнэ щылажьэрэ?

- Приёмнэ комиссэр КъБКъУ-м и щIыхьэпIэ нэхъыщхьэм щыIэщ, мы хэщIапIэмкIэ къэвгъуэтынущ: Налшык къалэ, Чернышевскэм и уэрам, 173.

Зыгъэхьэзырар **ДАРИЙ Дахэнурщ.**

Iэщэр къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэр

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм лицензэ зыт-хуит зыщI и центрым и унафэщI, полицэм и полковник ХьэщIэмыз Заурбэч хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм брифинг ядригъэкIуэкIащ. Ар ирагъэхьэлIащ Урысей гвардиер къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 10, хабзэхъумэ дзэхэр илъэс 215-рэ зэрырикъуам.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ «Iэщэм теухуауэ» федеральнэ законым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм. ХьэщIэмыз Заурбэч къыхигъэщащ цIыхухэм Iэщэ зэрахьэным пыщIауэ щIэуэ къыхалъхьахэр: щакIуэ, спорт Iэщэхэр ткIийуэ зэхадзу зэрыщытар Iухыныр, мэкъуауэгъуэм и 14-м щегъэжьауэ, официальнэ зэхьэзэхуэхэм хэт спортсменхэм къинэмыщIауэ, пIатIронипщIым щIигъу зэрыхуэ Iэщэхэр зиIэхэм къагъэсэбэп зэрымыхъунур.

Апхуэдэу офицерым журналистхэр щыгъуазэ ищIащ цIыхухэм Iэщэ зыIэрагъэхьэнымкIэ лицензэхэр щIэпхъаджагъэхэр, абы терроризмэм пыщIари хыхьэу, зылэжьахэм зэрырамытынум.

Зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ цIыхухэр щхьэзакъуэ хъумакIуэу лэжьэну хуит зэращI щIыкIэм. Къыхигъэщащ Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм лицензэ-хуит зыщI лэжьыгъэ IэнатIэхэм я учетым цIыхухэм я Iэщэ мин тIощIым щIигъу зэрыщытыр.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым, полицэм и полковник ХьэщIэмыз Заурбэч журналистхэм фIыщIэ яхуищIащ къазэрыдэлажьэм, ирамыгъэтха Iэщэхэр, шэхэмрэ къагъауэ Iэмэпсымэхэмрэ я фIэфIыныгъэкIэ ятын зэрыхуейм цIыхухэр щыгъуазэ зэращIым папщIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Экологиемрэ экономикэмрэ зэтIолъхуэныкъуэщ

ПсалитIми - экологиеми экономикэми - я лъабжьэр зыщ: oikos алыдж псалъэм «унэ» жиIэу арщ. Япэ «унэм» дыкъэзыухъуреихь дунейр къызэщIеубыдэ, абы и зэхэлъыкIэ-екIуэкIыкIэр, щыпсэухэр зэрезэгъыр, етIуанэм - цIыхухэм а дунейм къыщызэрагъэпэщ лэжьыгъэр, лэжьыгъэ IуэхухэмкIэ яIэ зэпыщIэныгъэхэр.

НОБЭРЕЙ щытыкIэмкIэ экологиемрэ экономикэмрэ ткIийуэ зэпэщIэуващ, тIуми зэран къахухэкIыу. ЦIыхуцIэ зиIэри, уеблэмэ цивилизацэри щыхупIэм зэрыщхьэщыхьам къытхутопсэлъыхь биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Хьэтыхъу Iэубэчыр.

- Нэхъыбэм «экологие» псалъэм гукъыдэж халъагъуэркъым: я нэгум къыщIигъэувэр зыхэпсэукI щIыуэпсым щыщIэныгъэ игъуэтахэрщ - жьымрэ псымрэ зэрымыкъабзэр, щIым и IэфIыр зэрыщIэкIыр, абы къытрахым и фIагъым зэрыхэщIыр, а псори узыншагъэм зэрегуауэр. Арами, къэралри, бизнесри, цIыху къызэрыгуэкIри, зэгурыIуа нэхъей, щхьэж къызэрылъысу щIыуэпсым йогуауэ, тогуплIэ, зэрыжаIэщи, къудамэ зытесыр паупщIыж. Щхьэ апхуэдэ щытыкIэм дыхуэкIуа? ЖыIэпхъэщ экологиемкIэ шынагъуэ къэмыгъэхъуныр къэралым и къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. ЦIыхуми нобэ Iеймрэ фIымрэ яхузэхэмыгъэкIыжу аракъым. АтIэ сыт щхьэусыгъуэр? Зы жэуап пыухыкIа умыгъуэтынкIи мэхъу. Жыжьэ дыдэу къыщыщIэбгъалъэмэ, IупщIыр цIыхум акъыл игъуэту, псэ зыIут адрейхэм къызэращхьэщыкIарщ. Апхуэдэу мыхъуамэ, цIыху бжыгъэр, езым и теплъэм тепщIыхьым, мелуан зытхухым фIэмыкIыну, зыхэпсэукI дунейм «зэрытехьэлъэмкIи» адрей псэущхьэхэм къащхьэщымыкIыу, экосистемэм и хабзэ ткIийхэм емыбэкъуэфу къэнэну Iэмал щыIауэ щIэныгъэлIхэм къалъытэ. Баш къищтэу зи Iэр кIыхь хъуа пасэрейм экосистемэм щхьэхуещэу «хэпщэфIыхьыныр» иригъэжьащ, мыгуващэуи и Iэужьым Iууэжащ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, япэ щIыуэпс насыпыншагъэр пыл теплъэ мамонт абрагъуэр мывэ папцIэ зыпылъ бжыкI фIэкIа зыIэщIэмылъ, щыпэнрэ щэкIуэнрэ нэгъуэщI зымыщIэ пасэрей дыдэ цIыхум зэрыIэщIэкIуэдам къикIащ. И псэуныгъэр кIэщIу зэпха мамонтыр зэригъуеижын щIэныгъи IэщIагъи зэримыIэм къыхэкIыу, дауи, езыри бэлыхь хэхуагъэнт и бжыгъэми кIэричу - экосистемэм «илъ ещIэж», - жеIэ Iэубэчыр.

Арами, акъыл нурым къигъэнэхуа гъуэгум ирикIуа цIыхум куэд хузэфIэкIащ: дунейм тепщэ щыхъуащ, япэм лъэрыщIыкI зыщIу щыта узхэм япэлъэщащ, дунейм и джэлэс атомыр зэпкърихри «етIуанэ дыгъэр» къигъэблащ, абы къыщымынэу и IуэхущIафэр хьэршым нигъэсащ. ХузэфIэмыкIар зыщ - и Iэужьхэм къадэкIуэу зызыхъуэжа дунейм и Iэпкълъэпкъыр есакъым: къызытепщIыкIа пасэрей дыдэ цIыхум ещхьу, хьэуа къабзэ, псы къабзэ ерыскъы узыншэ хуэныкъуэу къэнэжащ, арыншэм - мэсымаджэ.

- ЦIыхур къызэрежьэрэ къэзыухъуреихь щIыуэпсым текIуэным, абы и хъугъуэфIыгъуэхэр кIуэ пэтми щIигъэхуабжьэу къыпкърихыным иужь итщ, япэм гуп зэрищIыкIауэ иужькIэ къэралыгъуэу зэхэдзауэ зэныкъуэкъуу, зэманкIэрэ зауэ-банэм хуэкIуэжу, - пещэ Хьэтыхъум. - Япэм дунейм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыбэ здэщыIа щIыпIэхэр зи къарум къыкъуэгушхукI къэралхэм зэрапхъуащ, иджы къагъэув апхуэдэхэр я псэзэпылъхьэпIэ зыхэлъ щIыпIэу абы къыхэкIыу унафэри яIэщIэлъыну. Нобэ нэхъыбэу щIызэныкъуэкъур газымрэ щIыдагъэмрэщ. Пщэдей узэфэн псы къабзэр зауэщIэм и щхьэусыгъуэ хъуну шынагъуэ щыIэщ. Апхуэдэу залымыгъэмрэ къару дыджымрэ и лъабжьэу «зытеухуа» дунейр зэпIэзэрыткъым, абы нэхъей а щытыкIэр зэтеIыгъэным акъылым и нэхъыфIри, мылъкум и нэхъыбэри хуэлэжьэн, щIыуэпсым кIуэ пэтми нэхъыбэ къыпкърыхын хуей мэхъу. ЦIыхум и фейдэ къызыхихым нэхъри зригъэубгъуным тещIыхьа экономикэмрэ кIэрыхубжьэрыху зибэ технологиемрэ щIыуэпсым епха Iуэхухэр кIуэ пэтми нэхъ хьэлъэ ящI. ЩIэныгъэлI Форрестер Джей зэригугъэмкIэ, щIэгъэхуэбжьауэ щIым и хъугъуэфIыгъуэхэр щIэкIуэщIыр, щIыуэпсым лей щIылъысыр цIыхур зэрынэхъуеиншэм, зэи зэрыримыкъум, нэхъыбэ зыIэригъэхьэным зэрыщIэкъур аращ. КIэ зимыIэ гугъапIэмрэ кIэ зыгъуэт ресурсхэмрэ зэпоуври, щIыуэпсым епха гузэвэгъуэхэр, къэхъукъащIэхэр къагъэщI. Езы къэралхэм я къызэгъэпэщыкIэми, экологхэм гу зэрылъатащи, щIыуэпсым и зэIузэпэщыр пыщIауэ къыщIэкIащ. Къапщтэмэ, бдзэжьей ещэным зи Iуэхур нэхъ тегъэщIа къэралхэр (Алыджыр щапхъэщ) нобэрей дунейм щыпэрытхэм хэкIыжащ. Щхьэусыгъуэу къалъытэр - щIым елэжьу щытар унэIут лъапсэншэрати (раб), езы алыдж щхьэхуитхэм а зэманым лэжьэн зраусыгъуэджырт. Дауи, а щхьэхуимытхэр зыгъэпщылI къэралыр щIэбэгыртэкъым и щIыр екIуу зехьэным, щIым и пшэрагъыр хъумэным. Абы къыхэкIыуи, щIыр кълейсыз хъурт, къумыр текIуэрт, къэралми и зэIузэпэщым хэщIырт. Зымышхыжыным и мэкъумэшщIыкIэм фIы къызэримышэм адыгэм ауэ сытми гу лъитакъым! Зи гугъу тщIар зыгуэркIэ ебгъэщхь хъунущ дэри дыбгына колхоз зэхэтыкIэм. Псэуныгъэр къэдгъэнэнщи, щIыуэпсым епха Iуэху Iэджи абы къыдэкIуащ, щIым и пIалъэ зымыщIэхэм я зэранкIэ.

КъинэмыщIауэ, ЩIэныгъэлIхэм, философхэм я акъылыр зыхуэкIуам цIыхухэм я дуней тетыкIэр зэман кIыхькIэ щаунэтI къохъу. Апхуэдэу къалъытэ нобэми дуней псом щыцIэрыIуэ Дарвин «борьба за существование» жыхуиIар. Ар щхьэхуещэхэм гъуазэ яхуэхъуами, Дарвин зи гугъу ищIар Iэлу дунейм тет псэущхьэхэм я зэхуаку дэлъ бэнэныгъэрт Iусрэ псэупIэрэ яхузэрымыгъэгуэшу, зыхузэфIэкIыр щытекIуэу, екIуэкI дунейм хуэмыщIар лей хъурэ къыпидзу, къэнар ефIакIуэу. Апхуэдэ зэхэтыкIэм и щIагъ щIэлъ мыхьэнэр зыхуигъэкIуар мырат: япэу, къалъхум и бжыгъэр Iусым и куэдагъым зэребэкIырщ; етIуанэу, къалъхуахэр я «зэфIэкIкIэ» зэрызэхуэмыдэрщ.

- Коммунизмэм - щхьэзакъуэ мылъкур мыдурыс зыщIам - и лъабжьэр ыгъэтIылъа Маркс зэрыжиIамкIэ, цIыху IэрыкIыу щымытым уасэ иIэкъым. Арамэ, дуней хъугъуэфIыгъуэр уасэншэщ - зэрыплъэкIкIэ зэхьэлIэ. БлэкIа зэманым нэрылъагъу ищIащ щхьэзакъуэ мылъкуу щымытым, сыти ар ирехъу, лей зэрылъысым - щIыр щапхъэщ. СССР-м щыцIэрыIуа Мичуриным къыщIэнащ мыхуэдэ псэлъафэ: «Дэ мы дунейм факъырэ Iусу къытхуишийм дыщыгугъ хъунукъым - ди фарзыр дызыхуейр абы къыпкърытхынырщ». Ахэр и тегъэщIапIэу щытауэ жыпIэ хъунущ ди къэралми щIыуэпсым хуиIа щытыкIэм, - жеIэ Хьэтыхъум.

20-нэ лIэщIыгъуэр залымыгъэр щыета лъэхъэнэу щытащ: цIыхубэм ягъэващ дунейпсо зауитI, псэмрэ псэукIэмрэ зыунэщI революцэ. Абы щIыуэпс насыпыншагъэхэр гуащIэу къыпэувыжащ, къылъыса лейм узыфэу къигъазэу, япэм щымыIахэр е мащIэу фIэкIа емыкIуэкIахэр хэту (аллергие, лыщх, анэдэлъху ныкъуэдыкъуагъэхэр, нэгъуэщIхэр).

Дуней псом къащыгурыIуэу хуежьащ иджыри къэс зэрекIуэкIар зэрымыхъужынур, хэлэбэлыкъ зыхэмыт псэукIэм техьэн зэрыхуейр, псэлъафэуи утIыпщца хъуащ «устойчивое развитие» - зэпIэзэрыту зыужьын - жыхуиIэр. Абы къикIыр нобэ псэухэм къэкIуэну щIэблэми я Iыхьэр дгъэкIуэщIу дыпсэу зэрымыхъунурщ.

Ди зэпсалъэм и кIэм щIэныгъэлIым къыхегъэщ:

- ЦIыху акъылыр хуэкIуащ гъащIэр, зыужьыныгъэр (эволюцэр) къызыпэкIуэнур мамыру, зэпIэзэрыту екIуэкI Iуэхухэр зэрыарам. Ауэ абы щхьэкIэ нобэм дыкъэзышэса гъуэгур кIуауэ хэплъапIэ дихуэн хуейт.

Епсэлъар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ТАМБИЙ Гуащэмахуэщ.**



Москва щекIуэкIащ тхылъ фестиваль

Мэкъуауэгъуэм и 4 - 7 махуэхэм Москва и Утыку Плъыжьым щекIуэкIащ XII Тхылъ фестивалыр. Абы жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бетуганов Исмэхьил, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. Илъэс епщыкIузанэ хъуауэ фестивалым я тхылъхэр щагъэлъагъуэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я деж къыщыдагъэкIхэр. Фестивалым хэту екIуэкIа «Лучшие книги России» зэпеуэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьэу ягъэлъэпIахэм ящыщщ Котляровхэ я тхылъ тедзапIэр.

МОСКВА и литературэ IуэхущIапIэхэм щекIуэкIащ тхылъым и пщIэр Iэтыным, художественнэ псалъэм и къарур цIыхухэм зыхегъэщIэным, къэралым ис лъэпкъхэм я литературэхэр ядэIыгъыным, тхэн щIэзыдзагъащIэхэр къалэмым тегъэгушхуэным теухуа зэIущIэхэр, щIэнIуатэхэр, пшыхьхэр. Абыхэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бетуганов Исмэхьил. Урысейм и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэхэу Поповэ Нинэрэ Латынин Валерийрэ яIущIащ ар. Ахэр тепсэлъыхьащ литературэм ди республикэм щиIэ щытыкIэм, художественнэ тхыгъэхэр зэдзэкIыным теухуауэ щалэжьхэм, къыдэкI тхылъхэр зытеухуам, тхэным дихьэх щIалэгъуалэм я хъэтIым.

ЩIыналъэхэм ядэлэжьэнымкIэ союзым и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Чешукин Антон иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщаIэтащ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэхэм я проектхэм, зэпеуэхэм теухуа Iуэхугъуэхэр. Абы къыщытеувыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Ипщэм, Къырымым лъэпкъхэм я литературэхэм теухуа конференцым зэрыщыхэтам.

«Утыку Плъыжь» фестивалым щагъэлъэгъуащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм къыдигъэкI «Литературная газета Кабардино-Балкарии» газетыр. Фестивалым усыгъэм щыхухаха Iыхьэм Бетугановыр къыщыпсэлъащ ди литературэм теухуауэ. Абы щагъэлъэгъуащ «Современная литература народов России: поэзия и проза народов Северного Кавказа» антологиер. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ ящыщу а тхылъым я IэдакъэщIэкIхэр ихуащ Хьэту Пётр, Лыкъуэжь Нелли, Къаныкъуэ Заринэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Щомахуэ Залинэ, Жыкъуэ Армидэ сымэ. Къаныкъуэ Заринэ усыгъэм теухуа зэхуэсым щытепсэлъыхьащ антологием Урысейм и щэнхабзэм теухуауэ иIэ мыхьэнэм.

- Художественнэ зэдзэкIыныгъэр щэнхабзэр зэрадж Iэмал псо мэхъу. ЛъэпкъыбзэхэмкIэ ятххэр зэмыдзэкIамэ, ахэр республикэм и кIуэцIым къонэж. Ауэ ахэр зэдзэкIарэ куэдым къацIыхуамэ, къэралым и щэнхабзэм щыщ мэхъу. Мы антологиери лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм, бзэ зэхуэмыдзэхэмкIэ тхэ литераторхэм я зэхуакум къыдэхутэ щэнхабзэ лъэмыжым хуэдэщ, - жиIащ Бетугановым.

Урысей Федерацэм бжыгъэхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщри, Хамэ къэрал литературэхэм я библиотекэм щрагъэкIуэкIащ Урысейм и лъэпкъхэм я литературэр ядэIыгъынымкIэ программэр илъэси 10 зэрырикъум теухуа зэIущIэ. Абы ди зэгухьэныгъэм и унафэщIыр щытепсэлъыхьащ иджырей къэбэрдей-балъкъэр литературэм, лъэпкъыбзэхэмкIэ тхэхэм хуащI гулъытэм, республикэм щекIуэкI литературэ зэхьэзэхуэхэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. Газетхэр, журналхэр, тхылъхэр къыдэгъэкIыныр дэIыгъынымкIэ Урысейм бжыгъэхэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщI Дзюбинская Светланэрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бетуганов Исмэхьилрэ дяпэкIэ зэрызэдэлэжьэнум, зэгъусэу ягъэхьэзырыну проектхэм, зыхэтыну зэпеуэхэм тепсэлъыхьащ.

Мэкъуауэгъуэм и 6-м Москва, Пушкин и утым, щагъэлъэпIащ Пушкин Александр и махуэр. Литературэм дихьэххэр, тхакIуэхэмрэ-усакIуэхэмрэ, щIалэгъуалэр абдеж щызэхуэсащ, Пушкиным и усэхэм, езыхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыщеджащ. Усэеджэм хэтащ Къаныкъуэ Заринэ - адыгэбзэкIэ итхахэм къызэхуэсахэр иригъэдэIуащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Лъагъуныгъэкlэ къэlуэта гуауэ

● Щэнхабзэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, урысейпсо Iуэхум хыхьэу, щагъэлъэгъуащ зауэм теухуа, хэкупсэ гупсысэ зыщIэлъ «Позывной «Лютик» спектаклыр. Ар щыщщ ебгъэрыкIуэхэр зыхэт «Сомали» батальон щхьэхуэм и ветеранхэм къызэрагъэпэща «Отчизна» щэнхабзэхэкупсэ проект иным. Лэжьыгъэр зи гукъэкIри зыгъэхьэзырари Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэт, зи лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэща Батанов Сергейрэ Гапонов Дмитрийрэщ.

СПЕКТАКЛЫМ театрым къришэлIат къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, студентхэмрэ школакIуэхэмрэ. ПэIущIэм деж щытт дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэр, зэIущIэм зыкъэрезыгъэхьэлIахэм яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьырт урысей сэлэтхэм я хьэпшып, щыгъыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, бийм къытраха Iэщэхэр. Пэшым узэрыщIыхьэу нэм къыIуедзэ лIыхъужь нэхъыщхьэм и цIэ лей «Лютик»-р къызытещ гъущI цIыкIумрэ (зыгуэр къыщыщI хъужыкъуэмэ кърацIыхужыну зауэлIхэм я пщэм илъращ) абы и цIэджэгъу удз гъэгъамрэ зэрыт экранышхуэр.

Зауэ екIуэкIыми, гъащIэр къызэрымыувыIэр, лъагъуныгъэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ цIыхум къару къызэрыхилъхьэр аращ спектаклым и гупсысэ нэхъыщхьэр. ЗэуапIэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъуа сэлэт щIалэщIэмрэ ар ажалым къыIэщIэзыха дохутыр цIыхубзымрэ я лъагъуныгъэмкIэщ Iуэхур ди нэгу зэрыщIэкIыр. ГъащIэм, диным ехьэлIа гупсысэ куукIэ, псалъэ гуапэкIэ, гушыIэ дахэкIэ, псалъэншэу гурыIуэгъуэ хъу лъагъуныгъэ къабзэкIэ гъэнщIащ лэжьыгъэр. Ахэр хьэкъыу уи фIэщ хъууэ ди нэгу щIэзыгъэкIыр Кинематографиемрэ театр гъуазджэмкIэ Михалков Никитэ и академиер къэзыуха артистхэу Исаев Артёмрэ (Лютов Иван и ролыр егъэзащIэ) Ирлык Анастасиерэщ (Лерэ). Лерэ къыпкърокI Ваня къару къезыт гугъэ мыкIуэщI, къэкIуэну дахэ зэраIэри и фIэщ ещIыф. Хъужу зэуапIэм Iухьэжа щIалэр куэд мыщIэу гъэр мэхъу, мазиплIрэ ныкъуэкIэ яIыгъщ, шхынкIи IэпкълъэпкъкIи гугъу ирагъэхьу. Зи псэр зытам ехъуапсэу щыхуежьэкIэ абы и нэгу къыщIохьэ Лерэ, къикIуэтыну къыхуимыдэу, фIым щыгугъыну къыжриIэу, къыпэплъэну къигъэгугъэу. Абы и гур къызэрегъэгъуэтыж, удынми мэжэщIалIагъэми къезыгъэлри арагъэнущ. АрщхьэкIэ сыт: Лерэ и псалъэр «хуэIыгъакъым» - госпиталым къыщеуам гуузу хэкIуэдащ. И благъэ-Iыхьлыхэр щаукIа Донбасс хуит къызэращIыжари илъагъуну хунэсакъым...

Налшык къэсын ипэ щIыпIэ куэдым щагъэлъэгъуащ спектаклыр – Къырымым, Севастополь, Симферополь, Уралым, Сыбырым, нэгъуэщIхэми. Псори зэхэту щIыналъэ плIыщIым щIигъум. Дэни Iэгуауэшхуэ щыхуаIэтащ, я нэпс къыщримыгъэкIуаи къэхъуакъым.

Утыкум щытлъагъу хьэпшыпхэр, актёрхэм я щыгъынхэр - псори дзэ Iуэху хэхахэм хэта защIэщ. Артистхэр я щхьэкIэ щыIащ Донбасс, абы щыпсэухэм яIущIащ, къэхъур я нэкIэ зрагъэлъэгъуащ фэрыщIагъ хэмылъу ролхэм ихьэфын папщIэ. А псор я нэгу зэрыщIэкIар, я псэм зэрыпхыкIар зыхыуегъащIэ лэжьыгъэм. Абыхэм къадэкIуэу экранышхуэмкIэ къагъэлъагъуэ Украинэм щытраха теплъэгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр – япэщIэкIэ мамыр гъащIэм, ауэ гуныкъуэгъуэ щыкуэдым дыхагъэгъуазэ, къыкIэлъокIуэ цIыхубзхэм я нэпсымрэ сабий зеиншэхэмрэ я гурыгъузыр зыхозыгъащIэхэр. Иужьрейхэр цIыхупсэм бэлыхьыр тезылъхьэ псэхэх зауэм уIузыгъаплъэхэращ...

Спектаклыр иуха нэужь, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ я министерствэхэм фIыщIэ хуащIащ Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм. Театреплъхэм артистхэм я гъусэу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ИСТЭПАН Залин**э *ейщ.*

Хьэ гъэсахэм кIэлъагъэплъ

Урысей полицэр къыщызэрагъэпэща махуэм Налшык къалэм дэт «Нэмыс» республикэ социально-реабилитацэ центрым и гъэсэнхэр, Урысей МВД-м и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и лэжьакIуэхэр ящIыгъуу щыIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и кинолог центрым. НыбжьыщIэхэм абы зыщрагъэплъыхьащ, щIэ куэди къыщащIащ.

Сабийхэм къащIащ кинологхэмрэ абыхэм я дэIэпыкъуэгъухэмрэ щIэпхъаджагъэхэр къыщIэгъэщыным, жылагъуэ хабзэр хъумэнымрэ абы щебакъуэ къэмыгъэхъунымрэ зэрыхэтыр, зыщагъэгъуэзащ абыхэм я лэжьыгъэм.

НыбжьыщIэхэр итхьэкъуауэ кIэлъыплъащ хьэ гъэсахэм яхэлъ зэфIэкIхэм: я гъэсакIуэхэм жаIэхэр зэрагъэзащIэм, лъэпощхьэпохэм зэрыпхыкIым, хабзэм ебэкъуа хуэдэхэр убыдынымрэ хьэпшыпыр мэкIэ къэгъуэтынымрэ зэрахузэфIэкIыр. Къинэмыщlауэ, полицейхэм кадетхэм ирагъэлъэгъуащ хьэ гъэсахэр щаIыгъ вольерхэр, медицинэ къэпщытэныгъэхэр хьэхэм щыдрагъэкIуэкI пэшыр.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Сэлихь ягу къагъэкIыж

Накъыгъэм и 28-м къалъхуащ балъкъэр усакIуэ цIэрыIуэ Гуртуев Сэлихь. Абы и IэдакъэщIэкIхэр фIыуэ зылъагъухэр зэхуэсащ ар ягу къагъэкIыжу и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ и гугъу ящIын папщIэ. Къудей Фаридэ къызэригъэпэщауэ гъэ къэс иригъэкIуэкI «Гуртуевские чтения» Iуэху дахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуащ.

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭМ и цIэр зезыхьэ паркым Гуртуевым и фэеплъ итым удз гъэгъахэр, къыщалъхуа махуэ бжыгъэм хуэдиз мэхъыч (гвоздикэ) щIыгъуу, тралъхьащ. Iуэхум хэтащ еджэныгъэхэр къызэзыгъэпэщахэр жылагъуэ лэжьакIуэхэр, я адэм и фэеплъыр хуэсакъыу зыхъумэ и унагъуэр.

ЗэIущIэхэм я нэхъыщхьэр щекIуэкIар Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтращ. Абы хэтащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэхэм я лIыкIуэхэу Силенок Иннэ (Москва), Петренкэ Александр, Коссаковская Алёнэ (Краснодар) сымэ. Ахэр къэпсэлъащ Гуртуевым и IэдакъэщIэкIхэр къазэрыщыхъум, абы и щIэиныр джыным зэрелэжьым теухуауэ.

УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къыбгъэдэкIыу пшыхьым хэтащ «Минги тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэр, апхуэдэуи Османов Хьыйса, Боттаев Мурат, Табаксоев Мухьтар, Къудей Фаридэ, Мэржэхъу ФатIимэ, Рахаевэ Iэминат, Мэржэхъу Тенджыз сымэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ Налшыкрэ Шэджэм районымрэ я школхэм я егъэджакIуэхэр. Гуртуевым и усыгъэр иджырей щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэфIу зэрыщытырщ егъэджакIуэхэм я къэпсэлъэныгъэхэр нэхъыбэу зытраухуар.

Ди къэралым и гъунапкъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэухэр Сэлихь и усэхэм къыщеджэ видеохэр утыку къызэрырахьа флешмобыр «Гуртуевские чтения-2026» Iуэху дахэм и зы Iыхьэт. Апхуэдэу и псалъэ зэхэтхащ шэшэн тхакIуэ Нагаев Аднан, Плановскэ къуажэ школым и унафэщI Болэ Алеся, а еджапIэм щылажьэхэмрэ щIэс цIыкIухэмрэ, Каменномостскэ къуажэ школым и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ, методикэ тхылъ зыбжанэ зи къалэмыпэм къыщIэкIа Багъ Iэсиятрэ абы и гъэсэнхэмрэ, нэгъуэщIхэри. ЖыпIэнуракъэ, «Гуртуевские чтения»-м кууэ зыхуагъэхьэзыращ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм икIи республикэм и район щIагъуи къэнакъым абы хэмыту. Тэрч, Дзэлыкъуэ районхэм, Налшык, Бахъсэн къалэхэм щекIуэкIащ Гуртуевым и гуащIэм теухуа конференцэхэмрэ класс щIыб дерсхэмрэ. Шэрэдж, Бахъсэн район газетхэм къытехуащ усакIуэмрэ абы и усыгъэхэмрэ ятеухуа тхыгъэ купщIафIэхэр.

Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр зэрыбыдэр къэзыгъэлъагъуэ зы Iуэхуу щытащ Тэрч районым хыхьэ Плановскэ къуажэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ Тэрчокъуэ Заретэ зэIущIэм къызэрыхэувар. 5 - 10 классхэм щеджэхэм папщIэ абы игъэхьэзыращ Гуртуев Сэлихь и гуащIэм теухуа класс щIыб лэжьыгъэхэр зэребгъэкIуэкI хъунум и видео дерс. Абыхэм хэтащ, еджакIуэ цIыкIухэм я гъусэу, есэпымкIэ, тхыдэмкIэ, урысыбзэмкIэ егъэджакIуэхэр, псори дахэу, гъэхуауэ усэхэм къеджащ, Iуэхум ехьэлIа я гупсысэхэр къаIуэтащ. ЖыпIэнурамэ, усэхэм я закъуэкъым пшыхьыр зытегъэпсыхьауэ щытар. УсакIуэм теухуа очеркхэри, абы и гуащIэм цIыху щхьэхуэхэм я дежкIэ мыхьэнэуэ иIэр къыщыIуэта къэпсэлъэныгъэри мащIэтэкъым.

Къызэхуэсахэм гунэс ящыхъуащ Гуртуев Сэлихь и «Мой Кавказ» усэр и лъабжьэу, Силенок Иннэ итха романсыр, фортепианэ макъамэр.

ЗэIущIэм и кIэухыу абы хэтахэм саугъэтхэр – балъкъэр литературэм и классикхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэрыт, лъэпкъыбзэмкIи урысыбзэкIи къыдэкIа тхылъхэр – яритащ Къудей Фаридэ. «Гуртуевские чтения» Iуэхур усакIуэм и фэеплъым хуащI пщIэр къэзыгъэлъагъуэ къудейкъым, атIэ абы и псалъэм лъэпкъхэр зэрызэкъуигъэувэм, куэдым узэрытригъэгушхуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр нэхъри къулей зэрищIым и зы щыхьэтщ.

БЛИЙ Даянэ.

● Футбол

«Черкес»-м и япэ текIуэныгъэр чемпионым къыфIехь

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ джэгугъуи 8-ри зыфIахьа Шэджэм и «Черкес»-м тхьэмахуэ кIуам Прохладнэ къалэм япэ текIуэныгъэр щызыIэригъэхьащ, чемпионыгъэр зыIэщIэлъ Алътуд къуажэм и «Искра»-р хигъащIэри.

ЗЭПЭЩIЭУВА гупхэм апхуэдизу жыджэру джэгур ирагъэжьати, епщыкIуиянэ дакъикъэм ирихьэлIэу топ тIурытI зым адрейм и гъуэм дигъэкIат. ЗэIущIэм щIадза къудейт Туний Дамир чемпионыр япэ щригъэщам. ПсынщIэ дыдэу абы Архэст Астемыр жэуап къритыжащ. Дакъикъэ зытхух нэхъ дэмыкIыу алътуддэсхэр аргуэру текIуэ хъуащ, Нэзрэн Беслъэн дигъэкIа топым и фIыгъэкIэ. АрщхьэкIэ «Искра»-м и футболистхэм я гуфIэгъуэр псынщIэу къызэпиудащ КIыщ Айдэмыр. Ардыдэм 87-нэ дакъикъэм дигъэкIащ «Черкес»-м мыгъэрей зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр къыщезыгъэхьа топыр!

Хэт и гугъэнт Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэгъабэрей чемпионыр пэщIэдзэ зэIущIи 8-ри зыфIахьа гупым къыхигъэщIэну?! Апхуэдэ хьэлэмэтагъхэращ цIыху мелуанхэм топджэгур фIыуэ езыгъэлъагъур!

Япэ текIуэныгъэм и фIыгъэкIэ «Черкес»-м зэхьэзэхуэм и кIэух увыпIэр ибгынащ. Иджы абы къещэтэхащ, «Тэрчым» дэджэгуну зэIущIэ блэкIам зэрымыкIуам къыхэкIыу 0:3-уэ фIахьауэ зыхуатха, «7 Вершин-Шалушка» командэр.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъ гупитхури тхьэмахуэ кIуам текIуащ. Абы къегъэлъагъуэ турнир таблицэм япэ щитхэмрэ къыщыкIэрыхухэмрэ кIуэ пэтми нэхъ зэпэIэщIэ зэрыхъур.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэми зэхъуэкIыныгъэшхуэ зэкIэ щыIэкъым. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ я хьэрхуэрэгъухэм топ 12 яхудигъэкIауэ абы бжьыпэр зэрыщиIыгъщ Бабугент и «Логоваз»-м и пашэ Мокаев Таулан. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ «Малка»-м и гъуащхьауэ Умар Азэмэт. Ар 10 къыхэжаныкIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Спартак-Д**» (Налшык) – «**Бедик**» (Аргудан) - **4**:**1**, «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - «***Малка»*** (Малкэ) - **0**:**3**, «**Искра**» (Алътуд) – «**Черкес**» (Шэджэм) - **2**:**3**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Яникой-1961**» (Янықъуей) – **3**:**0**, «**Урыху**» (Урыху) – «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – **2**:**1**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) – **3**:**0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэхэм щызэIущIэн хуейщ: *мэкъуауэгъуэм и 12-м* - «Спартак-Д» - «Малка», «Искра» - «Ислъэмей», «Урыху» - «Тэрч»; *мэкъуауэгъуэм и 13-м* - «Черкес» - «7 Вершин-Шалушка»; *мэкъуауэгъуэм и 14-м* – «Ислъэмей» - «Тэрч», «Яникой-1961» - «Псыкуэд-Марвил», «Спартак-Д» - «Урыху», «Малка» - «Бедик», «Искра» - «Логоваз» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыныр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«**Тэрч**»	**7**	**7**	**0**	**0**	**32-4**	**21**
2.	«**Логоваз**»	**8**	**7**	**0**	**1**	**23-10**	**21**
3.	«**Урыху**»	**8**	**6**	**0**	**2**	**28-17**	**18**
4.	«Спартак-Д»	6	5	0	1	25-6	15
5.	«Малка»	7	5	0	2	24-8	15
6.	«Ислъэмей»	8	4	1	3	19-9	13
7.	«Яникой-1961»	8	3	1	4	15-32	10
8.	«Искра»	7	3	0	4	26-16	9
9.	«Псыкуэд-Марвил»	8	2	1	5	15-32	7
10.	«Бедик»	9	1	1	7	12-37	4
11.	«**Черкес**»	**9**	**1**	**0**	**8**	**11-36**	**3**
12.	«**7 Вершин-Шалушка**»	**9**	**0**	**2**	**7**	**17-40**	**2**



● Атлетикэ хьэлъэ

Албанием зыхуагъэхьэзыр

Урысей Федерацэм атлетикэ хьэлъэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Ямало-Ненецкэ автоном щIыналъэу и Ноябрьск къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэ 41-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 200-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 15-23-хэм къриубыдэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и штангистхэм зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэхэр щаIащ икIи медаль зэхуэмыдэу щы абы къыщахьащ. Килограмм 81-рэ зи хьэлъагъхэм я деж япэ увыпIэр щиубыдащ Гулиев Темырлан. ТIэу бгъэдыхьэгъуэм къриубыдэу абы къиIэтащ килограмм 314-рэ зи хьэлъагъ штангэр.

Хъыджэбзхэм я зэпеуэм етIуанэ щыхъуащ Скрипко Аланэ. Килограмм 81-рэ зи хьэлъагъхэм я деж тIэу бгъэдыхьэгъуэкIэ абы къытриIэтыкIащ килограмм 219-рэ зи хьэлъагъ штангэр.

Ширдий Ислъам домбеякъ медаль къыщихьащ килограмми 109-рэ зи хьэлъагъхэм я деж. Ди щIалэм тIэу бгъэдыхьэгъуэмкIэ къиIэтащ килограмм 340-рэ.

Зэхьэзэхуэр къызэрыхахыу щытащ икIи япэ увыпIитIыр абы къыщызыхьахэм Iэмал ягъуэтащ УФ-м илъэс 23-рэ зи ныбжь спортсменхэм я командэ къыхэхам хэту я зэфIэкIхэр европей зэпеуэм щагъэлъэгъуэну. Мы гъэм и фокIадэм ар щекIуэкIынущ Албанием и къалащхьэ Тиранэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, апхуэдэ щIыхь ягъуэтащ Гулиевымрэ Скрипкорэ.

Ди спортсменхэм ядэлажьэр Жаппуев Магомедрэ Шэкэм Михаилрэщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.283
Заказыр №1195

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, корректорхэу **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.),*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.